O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’**

**Qaraqalpaq tili kafedrasi’**

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakulteti 4B kurs pitkeriwshisi
**Muzirikova Aqsu`n`gu`ldin`**

**«Qaraqalpaq tilinde toli`q yemes ga`pler ha`m wolardi` woqi`ti`w»**

degen temasi’ boyi’nsha bakalavr da`rejesin ali’w ushi’n

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

**Ilimiy basshi’:** **f.i.k. doc. Sayi’mbetov O.**

**No`kis – 2016**

**Jaqlawg`a ruxsat berildi**

Факультет деканы’`		f.и.k. Е.Алланазаров

Кафедра баслы’2ы’`		ф.и.к. дос. А Пирниязова

Iлимий басшы’`		ф.и.к. дос. О.Сайы’мбетов

**Tema: «Qaraqalpaq tilinde toli`q yemes ga`pler ha`m wolardi` woqi`ti`w»**

Pitkeriwshi:		**Muzirikova Aqsu`n`gu`l**

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n` qarari’:

**Muzirikova Aqsu`n`gu`ldin`** pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na «_____» bahasi’ qoyi’lsi’n.

MAK basli’g`i’:

MAK ag`zalari’:

# Qaraqalpaq tilinde toli`q yemes ga`pler ha`m wolardi` woqi`ti`w

## Jobasi’:

**Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’**

**Kirisiw**

**I BAP. Qaraqalpaq tilindegi toli’q yemes ga`pler**

A) Toli’q yemes ga`plerdin` qollani’li’w wo`zgesheligine qaray tu`rleri

1. Monologta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler

2. Dialogta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler

3. Qospa ga`plerde qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler

B) Toli’q yemes ga`plerdin` qurami’na qaray tu`rleri

1. Xabar ma`nili toli’q yemes ga`pler

2. Soraw ma`nili toli’q yemes ga`pler

3. Buyri’q ma`nili toli’q yemes ga`pler

4. U`ndew ma`nili toli’q yemes ga`pler

**II BAP. Toli’q yemes ga`plerdi woqi’ti’w**

**Juwmaq**

**Paydalani’lg`an a`debiyatlar**

## Jumi'sti'n` uli'wma si'patlamasi'

**Temani'n` aktualli'g`i':** G`a`rezsizliktin` arqasi'nda yelimiz turmi'si'ni'n` barli'q tarawlari'nda boli'p ati'rg`an u`lken wo`zgerisler, qaraqalpaq tilinin` rawajlani'wi'na, a`sirese woni'n` leksikasi'ni'n` rawajlani'wi'na sezilerli da`rejede ta`sir yetti. «G`a`rezsizlikke yeriskenimizden keyin xalqi'mi'zdi'n` wo`z jurti', tili ma`deniyati' ha`m tariyxi'n biliwge, wo`zligimizdi an`lawg`a qi'zi'g`i'wshi'li'g`i' arti'p barmaqta»[1]

Ha`zirge shekem qaraqalpaq til biliminin` tu`rli tarawlari' boyi'nsha u`lken jetiskenliklerge yerisip, bir qansha iri ko`lemli miynetler, monografiyalar, maqalalar baspadan shi'qti'. Xalqi'mi'zdi'n` milliy qa`diriyatlari'ni'n` biri – bul wo`z ana tilimiz. Prezidentimiz I'.A.Karimov ana tildin` qa`dir-qi'mbati', insan wo`mirindegi tutqan worni' haqqi'nda wo`z miynetinde «Wo'zlikti an`law, milliy sana ha`m woy-pikirdin` ko`rinisi, a`wladlar wortasi'ndag`i' ruwxi'y-ma`nawiy baylani's til arqali' ko`rinetug`i'ni' ma`lim. Barli'q iygilikli pazi'yletler insan qa`lbine, yen` a`wele ana ha`yyiwi, ana tilinin` ta`kirarlanbas go`zzalli'g`i' menen sin`edi. Ana tili – bul millettin` ruwxi'»[2] degen yedi.

Sonday-aq, prezidentimiz ana tilinin` a`hmiyeti haqqi'nda: «Ana tilinin` a`hmiyeti sonnan ibarat, wol ruwxi'yli'q belgisi si'pati'nda adamlardi' bir-biri menen jaqi'nlasti'radi'»[3] - dep ko`rsetedi.

Til – adamlardi'n` yen` a`hmiyetli qari'm-qatnas qurali'. Biz wo`z woyi'mi'zdi' basqag`a til arqali' jetkizemiz. Adam wo`z woyi'n, pikirin ti'n`lawshi'g`a jetkeriw ushi'n tildin` tiykarg`i' qari'm-qatnasli'q xi'zmetin ta`miyinlewshi ga`plerdi qollanadi'.

Tildin` qari'm-qatnasli'q xi'zmetin ta`miyinlew ushi'n so`z ha`m so`z formalari' ga`plik du`ziliske wo`tedi. Bul ushi'n ga`pti du`ziwshi grammatikali'q qurallar - ga`ptin` bas ag`zalari' wori'n ta`rtip ha`m intonatsiya qatnasadi'. Soni'n` menen qatar

[1] Karimov I.A.Tarixiy xotirasiz kelajak ywq - Toshkent: Sharq, 1998. – B. 3.
[2] Karimov I.A. Joqari ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh - Toshkent: Manaviyat, 2008. – B. 82-83.
[3] Karimov I.A. O'zbekiston buyuk kelajak sari - Toshkent: O'zbekiston, 1998. – B. 60.

bulardan ti’sqari’ so`ylew jag`dayi’ kontekst h.t.b. jag`daylar ga`ptin` du`ziliwinde a`hmiyetli rol atqaradi’. Bul ja`rdemshi qurallar qari’m-qatnas jasawda wonsha za`ru`rli bolmag`an so`zlerdi ha`r bir ga`pte qaytalay bermesten, pikirdi ti’yanaqli’, i’qsham yetip bildiriwge mu`mkinshilik tuwdi’radi’. Bul jumi’sta toli’q yemes ga`plerdi wo`zi qatnasli’ kontekstten, so`ylew jag`dayi’nan, sonday-aq yeki yamasa bir neshe adamni’n` ga`plesiwi arqali’ du`ziletug`i’n dialogtan u`zip ali’p, ayi’ri’p wo`z aldi’na qollani’wg`a bolmaytug`i’ni’ so`z yetiledi. Bunday jag`dayda toli’q yemes ga`pler toli’q ma`ni bildiriw mu`mkinshiliginen ayi’ri’ladi’.

Toli’q yemes ga`plerde tiyisli bolg`an grammatikali’q du`zilis saqlanbaydi’. Usi’lardi’ ani’qlap, woqi’wshi’larg`a tu`sindire biliw – jumi’sti’n` aktualli’g`i’n quraydi’.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’.** Bul pitkeriw qa`niygelik jumi’si’mi’zda ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi toli’q yemes ga`pler, wolardi’n` ma`nilik, du`zilislik ha` qollani’li’wi’ boyi’nsha tu`rlerin ko`rkem shi’g`armalardan, gazeta-jurnallardan ji’ynalg`an faktler tiykari’nda jazi’wdi’ maqset yettik. Toli’q yemes ga`pler ko`rkem shi’g`armalarda, a`sirese dialoglarda ju`da` wo`nimli qollani’ladi’. Soni’n` menen qatar, stillik talapqa i’layi’q awi’zeki so`ylewde ken` qollani’latug`i’n qubi’li’s yekeni belgili.

Pitkeriw jumi’sti’ jazi’wda usi’ temag`a qatnasli’ ilimiy miynetler, akademiyali’q grammatikalar basshi’li’qqa ali’ndi’.

**Jumi’sti’n` teoriyali’q ha`m a`meliy a`hmiyeti.** Jumi’sti’ keleshekte mektep mug`allimleri, studentler wo`z praktikalari’nda qollana ali’wi’na boladi’.

**Jumi’sti’n` quri’li’si’.** Jumi’s kirisiw, yeki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

# Kirisiw

Uli’wma bilim beretug`i’n ha`m ka`sip-wo`ner kolledjleri xali’q bilimlendiriw xi’zmetkerlerinin` aldi’nda woqi’w ta`rbiya jumi’slari’n ha`r ta`repleme jetilistiriw, woqi’ti’wdi’n` sapasi’n jaqsi’law, woni’n` a`disleri menen usi’llari’n turaqli’ tu`rde ha`m izbe-iz bayi’ti’p bari’w, a`sirese klassta ju`rgiziletug`i’n sabaqti’n` ta`sirliligin artti’ri’w – bu`gingi ku`nnin` keshiktiriwge bolmaytug`i’n yen` a`hmiyetli ma`sele yekenligin tiykarg`i’ wazi’ypa yetip qoydi’. Haqi’yqati’nda da mektep woqi’wshi’lari’na bilim tiykarlari’n u`yretiwde, wolardi’ kishipeyil insan yetip ta`rbiyalaw ku`ndelikli sabaq dawami’nda ju`zege asi’ri’ladi’. Sonli’qtan da klassta wo`tkeriletug`i’n ha`r qanday sabaq mazmuni’ni’n` na`tiyjeliligine yerisiw yen` a`hmiyetli ma`sele boli’p tabi’ladi’. Demek, wolay bolsa ha`r bir sabaqta wo`tiletug`i’n materiallardi’n` mazmunli’li’g`i’na, woni’n` wo`tkendegi ha`m ha`zirgi turmi’s talabi’ menen ti’g`i’z baylani’sli’li’g`i’na, wonda bilim menen ta`rbiyani’n` birligine mudami’ turaqli’ tu`rde di’qqat awdari’wi’mi’z kerek boladi’. Ha`r bir sabaqta didaktikali’q printsiplerdi duri’s qollani’w menen birge, wonda woqi’wshi’lardi’n` ko`nlikpesi menen iskerligine yerise ali’wi’mi’z kerek boladi’. Bul wazi’ypani’ iske asi’ri’w ushi’n mug`allimnin` sabaqqa ha`r ta`repleme puxta tayarli’g`i’ talap yetiletug`i’ni’ turg`an ga`p. Woni’n` ushi’n aldi’n-ala tu`sindiriwge tiyisli bolg`an materiallardi’n` ko`lemi ha`m mazmuni’n ani’qlap, wondag`i’ yen` a`hmiyetli wori’ndi’ belgilep ali’w menen sol u`yreniwge tiyisli teoriyali’q materialdi’n` sabaqti’n` qaysi’ tu`ri negizinde wo`tiletug`i’ni’n, jan`a woqi’ti’wdi’n` usi’llari’ menen a`dislerinin` qanday tu`rin qollani’w na`tiyje beretug`i’nli’g`i’n jobalasti’ri’p ali’wi’ za`ru`r.

Yekinshiden, sabaqta qanday ko`rsetpeli qurallardan paydalani’w kerekligin ha`m woqi’wshi’lar menen wo`tiletug`i’n jumi’s tu`rlerin ani’q belgilep ali’w menen qatar belgilengen 45 minut waqi’tti’ sabaqti’n` quri’li’si’na qaray ju`da` duri’s bo`listiriwi kerek.

Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdi’n`, soni’n` ishinde sintaksisti woqi’ti’wdi’n` mazmuni’n jetilistiriwdin` yen` a`hmiyetli bo`legi sabaqta jan`a materialdi’ tu`sindiriwdi duri’s sho`lkemlestiriw menen birge, woni’ woqi’wshi’lardi’n` sanali’ tu`rde ha`r ta`repleme wo`zlestirip ali’wi’na yerisiw. Soni’n` ushi’n da mug`allimnin` jan`a materialdi’ bayanlawg`a, mi’sallardi’ tillik tu`sindiriwi ju`da` ani’q, i’qsham ha`m tuji’ri’mli’ boli’wi’ tiyis. A`lbette, Bul ushi’n birinshiden, mug`allim sabaqqa tayarlang`anda mektep programmasi’n ha`m sabaqli’qta berilgen materiallardi’ teren` u`yreniw menen g`ana sheklenip qoymastan, wog`an baylani’sli’ qosi’msha ilimiy-metodikali’q ha`m pedagogikali’q a`debiyatlar menen qollanbalardan woqi’p shi’g`i’p, wonda bayanlani’lg`an ilim jetiskenliklerin sabaqqa yengiziwi sha`rt.

Yekinshiden, bayanlani’wg`a tiyisli teoriyali’q materiallarg`a baylani’sli’ tan`lap ali’ng`an mi’sallar woqi’wshi’lardi’n` bilim da`rejesi menen wo`zgesheligine sa`ykes keliwi, woni’n` a`debiy til materiallari’na juwap beriwi ha`m wol woqi’wshi’lardi’n` iskerlik uqi’pli’li’g`i’n artti’ri’wi’ lazi’m.

U`shinshiden, woqi’wshi’larg`a qanday bir teoriyali’q material tu`sindirilmesin, wog`an baylani’sli’ keltirilgen mi’sallar, yag`ni’y jeke so`zler menen ga`pler, tekstler ko`rkem a`debiyattan ali’ng`an ha`r qanday u`zindiler, naqi’l-maqallar menen qosi’qlar, jumbaqlar menen jan`i’ltpashlar wo`tiliwge tiyisli temani’n` mazmuni’na toli’q juwap beriwi ha`m woni’n` belgili bir tutas mazmung`a toli’q juwap beriwi sha`rt, soni’n` menen birge Bul mi’sallardi’n` ilim menen texnikani’n`, sanaat penen awi’l xojali’g`i’ni’n` jetiskenliklerine tiykarlani’wi’, na`tiyjede wol woqi’wshi’larg`a teoriyali’q bilim beriwge g`ana arnali’p qoymastan, wolardi’n` sanali’ miynet yetiwge bolg`an su`yispenshiligin payda yetiwi, du`n`yag`a haqi’yqat ko`z-qarasi’n qa`liplestiriwi, watandi’ su`yiw ideyasi’n boldi’ri’wi’, wolarda adamgershilik dosli’q qa`siyetlerdi bekkem wornati’wi’ kerek.

To`rtinshiden, Qaraqalpaq tili kursi’ni’n` qa`legen bo`limi boyi’nsha u`yreniwge tiyisli ha`r qanday teoriyali’q material tilge baylani’sli’ ali’ng`an mi’sallar menen gu`rrin`lerdi ha`r ta`repleme tallaw jasaw arqali’ tu`sindiriliwi kerek ha`m Bul

boyi’nsha beriletug`i’n ani’qlamalar menen qag`i’ydalar sol tallang`an mi’sallardi’n` juwmag`i’na keltirilip shi’g`ari’li’wi’ kerek.

Sabaqti’n` na`tiyjeliligine yerisiwdin` birden-bir sha`rtlerinin` biri wo`tilgen tema boyi’nsha woqi’wshi’larg`a beriletug`i’n sorawlardi’n` ju`da` i’qsham ha`m ani’q boli’wi’, woni’n` «awa, joq» tu`rinde juwap ali’wg`a qarati’lmay, talap yetilgen ma`selelerinin` mazmuni’n toli’q ha`m ha`r ta`repleme ashi’p beriwi tiyis.

Woqi’wshi’lardi’n` wo`tilgen materiallardi’ qalay wo`zlestirgenligin, Bul boyi’nsha alg`an bilimin turaqli’ tu`rde ha`r ta`repleme tekserip bari’w, woni’n` na`tiyjelerin duri’s bahalaw u`lken a`hmiyetke iye. Biraq ta geyde ayi’ri’m mekteplerde ayi’ri’m mug`allimler Bul ma`selede u`stirtinlikke jol qoyadi’, woqi’wshi’ni’n` anaw yaki mi’naw materialdi’ qalay ug`i’p alg`anli’g`i’n teren` tekserip ko`rmesten aq, geyde wolarg`a joqari’ baha qoyi’p jiberedi. Bul wo`z gezeginde woqi’wshi’g`a keri ta`sir jasaydi’, wolarg`a bilim beriwde u`stirtinlikke jol qoyi’ladi’.

Mekteplerde woqi’ti’wdi’n` mazmunli’ boli’wi’na yerisiwde wo`z betinshe jumi’slari’n duri’s sho`lkemlestiriwdin` roli ayri’qsha. Biraq ta geypara mug`allimler u`y tapsi’rmasi’n soraw menen jan`a materiallardi’ tu`sindiriwi ko`p waqi’t jumsap jiberedi. Na`tiyjede woqi’wshi’lardi’n` woqi’w materiallari’n wo`z betinshe teren` iyelewine, kitap u`stinde jumi’s ju`rgiziwine ku`ta` sheklengen waqi’t qaladi’. Haqi’yqati’nda jan`a materialdi’ tu`sindiriwde wondag`i’ tiykarg`i’ teoriyali’q bilim bayanlani’p, qalg`an waqi’t woqi’wshi’lardi’n` jumi’si’n ju`rgiziwge aji’rati’li’wi’ kerek. Bir yeskertetug`i’n jag`day woqi’wshi’larg`a wo`z betinshe jumi’slar isletiwde wolarg`a u`yge tapsi’rmalar beriwde woni’ ha`dden zi’yat ko`beytip jiberiwi bolmaydi’. Bul woqi’wshi’lardi’n` u`y tapsi’rmasi’n tayarlawda u`lken qi’yi’nshi’li’q payda yetedi, wog`an ko`p waqi’t jumsawi’na ali’p keledi. Haqi’yqati’nda u`yge beriletug`i’n tapsi’rma barli’q pa`nler boyi’nsha belgilengen saattan aspawi’ tiyis. Woni’n` u`stine tapsi’ri’lg`an shi’ni’g`i’wlar ha`zirgi turmi’s talaplari’nan shetke shi’qpawi’ kerek. Wol programmani’n` talabi’na toli’q juwap beriwi, shi’ni’g`i’w

ushi’n tan`lang`an ha`r bir mi’saldi’n`, wo`tkendegi turmi’s penen ha`zirgi turmi’sti’n` mazmuni’n si’patlaytug`i’n boli’wi’, woqi’wshi’ladi’ miynet yetiwge ta`rbiyalaytug`i’n da`rejede boli’wi’ sha`rt. Soni’n` ushi’n da qaraqalpaq tili sabag`i’ arqali’ woqi’wshi’ni’ miynet yetiwge woni’n` a`hmiyetin tu`sinip ta`rbiyalawi’mi’z kerek. Wol ushi’n sabaqqa turmi’stan mazmunli’ mi’sallar ali’p tallawi’mi’z kerek.

Woqi’wshi’lardi’ woqi’ti’w ha`m ta`rbiyalaw bir-biri menen ti’g`i’z baylani’sli’, birge ali’p bari’latug`i’n ni’zamli’ qubi’li’s. Qaraqalpaq tili leksikasi’ni’n` so`zlik quri’li’si’nda woqi’wshi’g`a bunday bir waqi’tti’n` wo`zinde ha`m teoriyali’q bilim ha`m ta`rbiya beriwdi ta`miyin yetetug`i’n turmi’sti’n` ha`r tu`rli tarawlari’na arnalg`an, ma`selen, woqi’wshi’lardi’ a`dep-ikramli’li’qqa ta`rbiyalaytug`i’n wolardi’n` dosli’q ha`m adamgershilik sezimin payda yetetug`i’n, sonday-aq diyqanshi’li’q penen mal sharwashi’li’g`i’na, bali’qshi’li’q penen sali’gershilikke, ilimdi, wo`nerdi, ka`sipti iyelewge, wo`z anna tilin u`yreniwge baylani’sli’ qanshama naqi’l-maqallar bar. Qaraqalpaq tili kursi’ni’n` leksikologiya, fonetika, morfologiya, orfografiya, sintaksis ha`m stilistika tarawlari’ni’n` qa`legen bo`limi boyi’nsha woqi’wshi’larg`a bilim beriwde «jaqsi’ so`z jandi’ su`ysindirer, jaman so`z jandi’ ku`ydirer, bir jaqsi’ so`z shi’paker mi’n` kewildin` jarasi’n, so`z ma`nisin bilmegen so`zdi wo`zine keltirer, bir ku`n pitip jazi’lar, dari’g`an ti’yi’q jarasi’, til jarasi’ wo`mirinshe yadi’n`nan shi’qpas i’zasi’» h.t.b. naqi’l-maqallardi’ ku`ndelikli sabaq dawami’nda wo`tiletug`i’n temani’n` mazmuni’na sa`ykes qollani’w arqali’ woqi’wshi’larda so`zlerdi wori’nsi’z, naduri’s qollani’wdi’n` zi’yani’ haqqi’nda pikir payda yetemiz. So`zlerdi worni’ menen qollani’w za`ru`r yekenligin ug`i’ndi’rami’z, til ma`deniyati’n iyelew uqi’pli’li’g`i’n qa`liplestiremiz, na`tiyjede woqi’wshi’lardi’n` so`zge sheber, shiyrin tilli boli’p jetilisiwine tiykar tayarlaymi’z.

Mekteplerde qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda yen` qolayli’ usi’llardan biri sabaqta ko`rsetpeli qurallardi’n` ha`r tu`rli tu`rlerin qollani’w ju`da` a`hmiyetli qubi’li’s boli’p tabi’ladi’. Ko`rsetpeli qurallardi’ sabaqta paydalani’w – woqi’wshi’lardi’n` til qubi’li’slari’ menen wol tuwrali’ teoriyali’q bilimi teren`lesedi, woni’ ja`ne de

ken`eytedi, bilimdi bekkem iyelewine ja`rdem beredi, belgili bir grammatikali’q qurallardi’ sanali’ wo`zlestiriwge, wolardi’n` a`hmiyetli belgilerin duri’s ha`m an`sat biliwge ja`rdemlesedi, wolardi’ qurg`aq yadlaw joli’ menen tu`siniwden qutqaradi’, do`retiwshilik woylaw uqi’pli’li’g`i’n artti’radi’, awi’zsha ha`m jazba til bayli’g`i’n rawajlandi’ri’wg`a ha`r ta`repleme ta`sir jasaydi’, woqi’wshi’lardi’n` sabaqqa bolg`an isshen`ligin boldi’radi’, sabaqti’n` janli’, qi’zi’qli’ wo`tiwin ta`miyinleydi, wolardi’n` wo`z betinshe islew uqi’pli’li’g`i’n qa`liplestiredi.

Soni’n` ushi’n da qaraqalpaq tili sabag`i’nda ha`r tu`rli tablitsalar menen sxemalardan, diagrammalardan, kartinalardan, su`wret, plakatlardan, didaktikali’q tarqatpa materiallar menen texnikali’q qurallardan paydalani’w kerek boladi’.

Magnitafon ja`rdeminde woqi’wshi’lardi’n` so`zlerdi jazi’p ali’wi’, woni’ bir neshe ma`rtebe qayta ti’n`law, sesler u`stinde shi’ni’g`i’w islew, yesitken so`zlerdi u`yretiw, woqi’wshi’lardi’n` qa`te jibergen so`zlerine tallaw jasaw, jibergen qa`telerdi qalay du`zetiw h.t.b jumi’slar islewge boladi’. A`lbette Bul ushi’n pa`n mug`allimi wo`z wo`zine ju`da` juwapkershilik penen qarawi’, bilim beriw menen ta`rbiya isin bir-biri menen baylani’sti’ri’p ali’p bari’wi’, didaktikali’q printsiplerdi sabaqta ju`da` sheber, wori’nli’ paydalani’p tu`sindiriwge tiyisli temani’n` mazmuni’n ha`r ta`repleme ashi’p beriwi woni’ ju`da` qi’zi’qli’ wo`tkeriwi, woqi’wshi’ni’n` do`retiwshilik woylawi’na, bilimge bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n, isshen`ligin tapqi’rli’g`i’ menen sezgirligine, izleniwshiligi menen intasi’na yerise biliwi sha`rt.

Qi’sqasi’, woqi’wshi’g`a qanday tema boyi’nsha bilim berilmesin, wol a`meliy jumi’slar negizinde izbe-iz tu`rde bekkemlenip bari’lsa ha`m wo`tilgen materialdi’ wo`z ara ti’g`i’z baylani’sti’ri’li’p tu`sindirilse, wonda tiyisli bolg`an ko`rsetpeli qurallardan wori’nli’ paydalansa, woqi’wshi’lardi’n` bilim si’rlari’n teren` iyelewine jetisemiz.

## I BAP. Qaraqalpaq tilindegi toli’q yemes ga`pler

### A) Toli’q yemes ga`plerdin` qollani’li’w wo`zgesheligine qaray tu`rleri

Ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi toli’q yemes ga`plerdi qollani’li’w wo`zgesheligine qaray to`mendegidey tu`rlerge bo`lemiz:

1. Monologta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler.
2. Dialogta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler.
3. Qospa ga`plerde qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler.

### 1. Monologta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler

Monologli’q xarakterge iye bolg`an toli’q yemes ga`pler prozali’q ha`m dramali’q shi’g`armalarda, xalqi’mi’zdi’n` naqi’l-maqallari’nda, a`debiyat u`lgileri: da`stanlarda, yerteklerde, gazeta-jurnallarda ken`nen qollani’ladi’.

Tilimizde toli’q yemes ga`plerdin` ha`r tu`rli formalari’ ushi’rasadi’. Wolardi’n` qanday tu`rleri bolmasi’n, ayi’ri’mlari’ kontekstke baylani’sli’ qollani’lsa, al basqa bir tu`rleri so`ylew jag`dayi’na baylani’sli’ boladi’. Wo’ytkeni son`g`i’ tu`rinde kontekst bas roldi atqarmaydi’, al so`ylew jag`dayi’ yamasa situatsiya bas roldi atqaradi’.

Toli’q yemes ga`plerdin` bir toparlari’ kontekstke yamasa so`ylew jag`dayi’na baylani’sli’ an`lati’lmaydi’, al uli’wma ga`ptin` mazmuni’na baylani’sli’ an`lati’ladi’.

Sebebi toli’q yemes ga`plerdin` Bul tu`rinde sheshiwshi yamasa ani’qlawshi’ belgi ga`ptin` mazmuni’na qarasli’ boladi’.

Toli’q yemes ga`plerdi wo`zine qatnasli’ kontekstten, so`ylew sharayati’nan yaki so`ylew jag`dayi’nan, sonday-aq yeki yamasa bir neshe adamni’n` qatnasi’wi’nan bolatug`i’n dialogtan u`zip ali’p, ayi’ri’p wo`z aldi’na jeke qollani’wg`a bolmaydi’. Wonday jag`dayda toli’q yemes ga`pler toli’q ma`nini an`lati’w mu`mkinshiliginen ayi’ri’ladi’.

Na`tiyjede wolar ayi’ri’m ga`p bola almaydi’, al tildegi bir ma`nini an`latatug`i’n leksikali’q so`z si’pati’nda g`ana qaraladi’.

Mi’sali’: Anasi’ biyshara qi’zi’na ju`kli bolarda almag`a jerik bolg`an yeken. Tappag`an. Soni’n` ushi’n da Almagu`l qoyg`an yeken.

Bul mi’saldag`i’ «tappag`an» degen toli’q yemes ga`pti konteksten bo`lip ali’p qarasaq, woni’ wo`z aldi’na qollani’lg`an ga`p dep qarawg`a bolmaydi’.

Yegerde wol so`zdi kontekstke baylani’sti’ri’p qarasa, woni’n` toli’q yemes ma`nini an`latatug`i’n ga`p yekenligin biliwge boladi’.

«Tappag`an» degen so`z bir so`zden turi’p –aq toli’q yemes ga`p xi’zmetinde qollani’lg`an. Bul jerde woni’n` toli’q ma`nini an`latatug`i’n ga`p yekenligi kontekst arqali’ belgili boli’p tur. Kontekst boyi’nsha toli’q yemes ga`ptegi qollani’lmay qalg`an ag`za «almani’» degen tuwra obekt boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni, «Tappag`an» degen awi’spali’ feyil so`zdin` ma`nisi belgili bir tuwra obektke qarati’lg`an. Wol tuwra obekt (yag`ni’y «almani’» so`zi) birinshi ga`ptegi konteksten an`lati’ladi’. Toli’q yemes ga`plerdin` ayi’ri’mlari’nda kontekst yemes, al so`ylew sharayati’ yamasa situatsiya jetekshi wori’ndi’ iyeleydi. Sebebi, toli’q yemes ga`plerdegi jasi’ri’ng`an yamasa berilmey qalg`an ag`za kontekst arqali’ belgili bolmaydi’, al so`ylew jag`dayi’ arqali’ belgili boladi’. Mi’sali’: Tap usi’ waqi’tta siyrek ji’n`g`i’lli’qti’n` arasi’nan ji’lti’rap, wo`limsiregen jaqti’ ko`rindi. Buni’ izindegi yeki no`ker

- Aman menen Woraz da abaylag`an yedi.

- Jettik, - dedi g`arri’ selqoslaw (Sh.Seytov)

Mi’rzabektin` ashi’wli’ buyri’g`i’ mal aydap barati’rg`anlardi’ turg`an-turg`an jerinde irkti.

- Bo`lisemiz, - dedi quwg`i’nshi’ladi’n` biri. (T.Qayi’pbergenov)

Bul mi’sallarda «jettik» ha`m «bo`lisemiz» degen toli’q yemes ga`pler bar. Haqi’yqati’nda da birinshi ha`m yekinshi toli’q yemes ga`plerdegi tu`sirilip qalg`an ag`zalardi’ birden tawi’p qoyi’w mu`mkin yemes. Al uli’wma ayti’lg`an ga`plerdin` jag`dayi’na, liykinine, ne haqqi’nda so`z barati’lg`ali’g`i’na so`ylew sharayati’na yamasa situatsiyag`a qarap jasi’ri’lg`an ag`zalardi’ tabi’wg`a boladi’.

Demek toli’q yemes ga`ptin` bunday tu`rinde jetekshi wori’nda kontekst yemes, al toli’q yemes ga`ptin` uli’wma so`ylew sharayati’, situatsiya iyeleydi.

Toli’q yemes ga`plerdin` basqa bir tu`rinde jetekshilik wori’nda kontekstke yamasa so`ylew sharayati’na baylani’sli’ bolmaydi’, al toli’q yemes ga`ptin` uli’wma mazmuni’ tiykarg`i’ wori’ndi’ iyeleydi. Mi’sali’: Yerdin` ku`ni yel menen, yeldin` ku`ni jer menen. Yet-yetke, sorpa betke. Mal shaqi’nan, adam tilinen degen toli’q yemes ga`plerde birinshi ga`pte «boladi’», yekinshi ga`pte «shi’g`adi’», u`shinshi ga`pte «baylanadi’» degen feyil bayanlawi’shti’n` tu`sirilip qalg`anli’g`i’ uli’wma ga`ptin` mazmuni’nan an`lasi’li’p turadi’.

Qollani’li’w sharayati’na, wo`zine ta`n wo`zgesheligine belgili bir elementlerdin` tu`sirilip qali’w sebeplerine ha`m usi’ tiykarda qaysi’ usi’l jetekshilik wori’ndi’ atqari’wi’na qaray, qaraqalpaq tilindegi monologli’q so`ylew xarakterine iye bolg`an toli’q yemes ga`pler tiykari’nan u`sh tu`rge bo`linedi:

1. Kontekstlik toli’q yemes ga`pler.

2. Situativlik toli’q yemes ga`pler.

3. Elliptikali’q toli’q yemes ga`pler.

**Kontekstlik toli’q yemes ga`pler**

Toli’q yemes ga`plerdin` gey bir tu`rlerine berilmey qalg`an yamasa tu`sirilip qaldi’ri’lg`a ga`p ag`zalari’ uli’wma kontekst arqali’ belgili boladi’. Sintaksislik ilimde bunday ga`plerdi kontekstlik toli’q yemes ga`pler dep ataydi’.

Mi’sali’: 1. Qawi’ndi’ qanshama jeyin degenin` menen yeki tilikten arti’g`i’n jey almaysan`. <u>Shire jegizbeydi</u>.

2. Ju`werileri de terek penen boylasadi’. <u>Ha`r basi’ at dorbaday</u>. (Sonda)

Bul keltirilgen mi’sallarda birinshisinde «qawi’ndi’» degen pi’si’qlawi’sh ag`za, yekinshisinde «ju`werilerinin`» degen an`i’qlawi’sh ag`zalar tu`sirilip qollani’lg`ani’ kontekst arqali’ belgili boli’p tur.

Kontekstlik toli’q yemes ga`plerde, ko`binese to`mendegi ga`p ag`zalari’ jasi’ri’ni’p keledi:

1. <u>Baslawi’sh qollani’lmaydi’</u>:

Maman Amanli’qti’ ku`tip Alliyarlar menen ku`n batqansha woti’rdi’. Basqi’lasti’. Ku`listi. (T.Qayi’pbergenov «Qaraqalpaq» da`stani’).

Bul mi’sallarda birinshi ga`pte «wol» degen baslawi’sh, yekinshi ga`pte «wolar» degen baslawi’sh ag`zalar kontekst arqali’ ma`lim boladi’.

2. Bayanlawi’sh ag`za qollani’lmay keledi:

Qorazlar qi’shqi’ri’p ati’r. Da`slep bir juwan dawi’sli’, son` jin`ishkeregi, son` wonnan da jin`ishkeregi. Tap arkestrdegi qosi’qshi’larday. (A.Sadi’qov)

Ga`p jalg`i’z jesirde boli’p turg`an joq. A`ziyz Ayg`ara biyde. (T.Qayi’pbergenov)

Bul mi’sallarda birinshi mi’salda «qi’shqi’ri’sadi’» degen bayanlawi’sh ag`za, yekinshi mi’salda «boli’p tur» degen baslawi’sh ag`za twsirilip qaldi’ri’lg`an.

3. Toli’qlawi’sh ag`za jasi’ri’ni’p keledi:

Kontekstlik toli’q yemes ga`plerdegi toli’qlawi’sh ag`zani’n` tu`sirilip qali’wi’ da tilimizde bir qansha ken`irek qollani’ladi’.

Wolar bayanlawi’sh ag`zani’n` awi’spali’ ha`m awi’spasi’z feyillerden boli’wi’na baylani’sli’, tu`sirilip qaldi’ri’latug`i’n toli’qlawi’sh ag`za birde tuwra obektte, al birde qi’ya obektte keledi.

Mi’sali’: - Razi’man bergen duzi’ma. Aqladi’n`. Bunnan bi’lay da yele berin aqlaysan`. (O`.Xojaniyazov).

4. Ani’qlawi’sh ag`za jasi’ri’ni’p keledi:

Mi’sali’: 1) – Toqta, toqta. Joq jigitler adaspappi’z. Kewlimjaydi’n` dawi’si’. (T.Qayi’pbergenov).

2) Amanli’q i’lashi’g`i’na jete almadi’.

Buwi’nlari’ bosasti’.

Bul mi’sallarda birinshi ga`pte siltew almasi’g`i’nan bolg`an ani’qlawi’sh ag`za, yekinshi ga`pte iyelik sepligindegi so`zden jasalg`an ani’qlawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’lg`an.

## Situativlik toli’q yemes ga`pler

Toli’q yemes ga`plerdin` tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ga`p ag`zalari’ tek so`ylew sharayati’, situatsiya arqali’ belgili boli’p turadi’.

Bunday toli’q yemes ga`plerdi so`ylew sharayati’nan yamasa situatsiyadan bo`lip ali’p qarawg`a bolmaydi’. Yeger buni’ so`ylew sharayati’nan bo`lip ali’p qarasa, toli’q ma`ni an`latpaydi’.

Mi’sali’: Awi’lsovet predsedateli menen militsiya xi’zmetkeri suw alg`an paxta jerdi wo`lshep shi’qti’: Jigirma to`rt sotik yeken.

- Jetkilikli! – dedi. Birinshi. Usi’ jerdin` wo`zi woni’ sudlati’p, partiya qatari’nan wo`shiriwge jetedi. (A.Sadi’qov).

Bul mi’salda «jetkilikli» degen toli’q yemes ga`pti situatsiyadan bo`lip ali’p qarasaq, wol ma`ni an`latpaydi’. Situativli toli’q yemes ga`plerde to`mendegi ag`zalar jasi’ri’ni’p keledi:

1. Baslawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

Ku`ni menen aynadan si’g`alap woti’rg`an Allayar uzaqtan ko`ringen sho`girmelerdi jaydi’n` qasi’na kelgende ani’q tani’di’. To`rde woti’rg`an apasi’na, g`arri’g`a alma-gezek qarap turdi’.

- Keldi, - dedi a`ste g`arri’g`a. (Sh.Seytov).

2. Bayanlawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

1) G`arri’ni’n` ko`ylek - dambali’nan basqasi’ni’n` ba`rin si’pi’ri’p tasladi’. G`arri’ hesh kimge jaltaqlamadi’ da qayta jinin (keltirip) ti’ri’sti’ri’p: «Sherin`izdi tarqati’p alag`oyi’n` shi’raqlari’m» - dep ku`ldi. A`ne usi’ ku`lki Bayraa`linin` si’n`ar ko`zinen g`a`zep shashi’ratti’. – Qi’ri’q du`rre! – dep qi’shqi’rdi’. (Sh.Seytov, «Shi’rashi’lar»).

2) - La`gen! – dedi wa`zir woylani’p turmay.

Da`rwazaman ju`girip ketip taqi’yaday la`gen toli’ ten`ge a`keldi. (T.Qayi’pbergenov).

3. Toli’qlawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

Jalt qarag`an Jumabay fartuk toli’ paxtani’ pritseptin` joqari’dag`i’ ag`asi’na a`periwge qolaylani’p ati’rg`an A`ziyrani’ ko`rdi - A`ziyra, beri a`kel! – Jumabay fartuke qoli’n sozdi’.

Bul mi’salda «fartukti» degen toli’qlawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’lg`an, biraq wol situatsiyadan belgili boli’p tur.

4. Pi’si’qlawi’sh ag`za tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

Jol woyg`a qarap qulap, artta qalg`an do`n` jag`i’mi’z tikjarlani’p ko`rine basladi’. Belgilengen jerge de jaqi’nlasti’q. A`ne, qoyi’mgershiliktin` shoshayg`an si’ri’qlari’ ko`rindi. Woy u`stinde kiyati’rg`an partizanlar birden ha`reketke kiristi. Birewi attan sekirip tu`sti.

Keldik, Gordey Semenovich. Usi’ qoyi’mgershilik, - dedi.

Bul mi’salda «belgilengen jerge» degen wori’n pi’si’qlawi’shi’ tu`sirilip qaldi’ri’ladi’.

## Elliptikali’q toli’q yemes ga`pler

Elliptikali’q toli’q yemes ga`plerdin` basqa kontekstlik ha`m situativlik toli’q yemes ga`plerden wo`zgesheligi – woni’n` strukturali’q jaqtan bayanlawi’shsi’z dara turi’p qollani’li’wi’nda. Bunday toli’q yemes ga`plerdin` bayanlawi’shsi’z qollani’li’wi’ Bul da stillik jaqtan qa`liplesken.

Elliptikali’q toli’q yemes ga`pler de tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`zalar kontekstten, yaki situatsiyadan belgili bolmaydi’, al ga`ptin` uli’wma mazmuni’nan an`lasi’li’p turadi’.

Mi’sali’: Barli’q jaqsi’ na`rseler balalarg`a! Jas kelse iske, g`arri’ kelse asqa.

Bul mi’sallardag`i’ birinshi ga`pte «berilsin», yekinshi mi’salda «keledi» bayanlawi’shlari’ni’n` tu`sirilip qalg`ani’ ga`ptin` uli’wma mazmuni’nan belgili boli’p tur. Bul jerde tu`sirilip qalg`an bayanlawi’shlardi’ qosi’p ayti’wdi’n` hesh za`ru`rligi joq, ha`m woni’ talap ta yetpeydi.

Elliptikali’q toli’q yemes ga`plerdin` wo`zine ta`n du`ziliw wo`zgesheligi boladi’. Wonda bayanlawi’sh wo`zinin` baylani’si’p keliw wo`zgesheliklerine qaray, birde

ga`ptin` basi'nda kelse, birde ga`ptin` keyninde keledi. Baslawi'shlar waqi'tli'q, obektlik, wori'nli'q, si'nli'q ma`nidegi so`zler menen baylani'si'p qollani'ladi'.

Elliptikali'q toli'q yemes ga`plerdin` du`ziliw qurami'n wo`zgesheligin, a`sirese balawi'shti'n` ga`ptin` basqa yekinshi da`rejeli ag`zalari' menen ken`eyip, ma`nilik jaqtan baylani'si'p keliwin to`mendegishe beriwge boladi'[1].

1. Baslawi'sh penen toli'qlawi'shti'n` wo`z-ara ma`nilik baylani'si'nan du`ziledi:

Jaman-joldasi'nan, yer-qudaydan. Jamannan-kesapat, jaqsi'dan-sharapat. Ko`kjali'n-ha`r bir shan`araqqa!

Barli'q di'qqat itibar jaslar keleshegine! (Qaraqalpaqstan jaslari')

Ha`mme birew ushi'n, birew ha`mme ushi'n. (Sh.Seytov).

2. Baslawi'sh penen si'n pi'si'qlawi'shti'n` wo`z-ara ma`nilik qatnasi'nan du`ziledi:

Qus qanati' menen, adam yelati' menen. (Naqi'l) Tag`i' tepki, tag`i' ku`lki mazaqlaw. (O`.Xojaniyazov).

3. Baslawi'sh penen (geyde wo`z ani'qlawshi'si'na iye baslawi'sh penen) wori'n pi'si'qlawi'shti'n` wo`z-ara ma`nilik baylani'si'nan du`ziledi:

Mi'sali': Yer tuwg`an jerine, iyt toyg`an jerine. Bo`lme ishi ti'm-ti'ri's. Turg`an zat turg`an jerinde. Stol u`stinde kese-sha`ynekler. Ba`ri bayag`i' turi'si'nda. (M.Tawmuratov).

4. Baslawi'sh penen (geyde wo`z ani'qlawshi'si'na iye baslawi'sh penen) waqi't pi'si'qlawi'shti'n` wo`z-ara ma`nilik baylani'si'nan du`ziledi:

Nashar woti'zda woti'n, qi'ri'qta qami's, yellide sipse. (J.Muratbaev).

5. Yekinshi da`rejeli ag`zalardi'n` qatnasi'nan du`ziledi:

Mi'sali': Atakag`a! Alg`a! – Won`g`a! – Solg`a! – samalyotlari'n`i'zdi'! – degen komanda menen pitti. (N.D)

## 2. Dialogta qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`pler

Toli'q yemes ga`pler, ko`binese janli' so`ylesiwde, dialogta qollani'ladi'.

[1] «Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikası» No`kis 1992. 244-bet.

Toli’q yemes ga`plerdin` wo`zine ta`n wo`zgesheligi, ha`r tu`rli xarakterlik belgileri usi’ dialogli’q so`ylesiwlerde ken`nen belgili boladi’. Dialogli’q so`ylesiwlerde tek za`ru`rli bolg`an ga`p ag`zalari’ g`ana qatnasadi’, al za`ru`rli bolmag`an ga`p ag`zalari’ ga`pten tu`sirilip qaladi’. Biraq tu`sirilgen ga`p ag`zalari’ wo`zinen buri’ng`i’ ga`ptin` mazmuni’nan, strukturasi’nan belgili boli’p turadi’. Dialogli’q so`ylesiwlerde, ko`binese da`slepki soraw ga`p toli’q tu`rinde, al wog`an beriletug`i’n juwap toli’q yemes ga`p tu`rinde keledi.

Mi’sali’: - Keshirersen`, senin` ati’n` kim?

- Aybosi’n.

- Apay qayda ketti?

- Mi’naw u`yge. (O`.Xojaniyazov).

Bul mi’saldag`i’ soraw ga`p arqali’ birinshi juwaptag`i’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`zalardi’ ani’qlawg`a boladi’. Dialoglardag`i’ juwap ga`ptin` toli’q yemes boli’p, i’qsham boli’p keliwi stillik jaqtan duri’s boladi’. Bul so`zlerdi qaytalay bermewge, i’qsham yetip beriw ushi’n qollani’ladi’.

Dialog tu`rinde qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler wo`zine ta`n si’patla belgilerine qaray to`mendegidey tu`rlerge bo`linedi[1].

1. Birinshi komponent soraw ma`nisinde, al yekinshi komponent wog`an juwap ma`nisinde keledi. Soraw ma`nisindegi ga`p toli’q, al juwap ma`nisindegi ga`p toli’q yemes ga`p tu`rinde za`ru`rli ag`zalari’ g`ana qatnasadi’.

Mi’sali’:

- Tami’rdi’n` sog`i’wi’ qalay?

- To`men. (M.Tawmuratov)

- Bunday danali’qlardi’ qaydan u`yrenesiz?

- Wori’slardan. (T.Qayi’pbergenov)

2. Birinshi ha`m yekinshi komponentte soraw ma`nisinde keledi. Soraw ma`nisindegi yekinshi ga`p, birinshi ga`ptin` wo`zine tu`siniksiz bolg`an jerin ani’qlaw

---

[1] «Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikası» No`kis 1992. 245-bet.

ha`m konkretlestiriw ushi’n qollani’ladi’. Birinshi ha`m yekinshi ga`ptegi sorawlardi’n` na`tiyjesi u`shinshi ga`pte juwap arqali’ sheshiledi.

- Shomanayg`a bari’p qaytsan` qalay boladi’?

- Qashan?

- Usi’ni’ bolg`annan son`. (M.Tawmuratov)

- Qari’z berip turmaysan` ba?

- Ne qari’z?

- Kapitan da`. (M.Tawmuratov)

3. Birinshi komponent xabar yetiw, bayanlaw ma`nisinde, al yekinshi komponent birinshi komponenttin` geypara jerlerin ani’qlaw maqsetinde soraw ma`nisinde, u`shinshi komponent yekinshi komponenttegi sorawlardi’n` ani’q juwabi’ tu`rinde keledi.

Wol Ayjang`a u`ylenbekshi.

- Qaysi’ Ayjan?

- Pirman aqsaqaldi’n` qi’zi’. (B.Aymuxammedova)

Xan woylani’p, shayi’rg`a zer jag`ali’ shapan jawdi’rdi’.

- Maqtawg`a turarli’q pa?

- Turarli’q. (T.Qayi’pbergenov)

4. Birinshi komponent soraw ma`nisinde , al yekinshi komponent woni’ konkretlestiriwshi soraw ha`m birinshi komopnentke juwap ma`nisinde keledi. Yekinshi komponent da`slep konkretlestiriwshi soraw ma`nisinde qollani’ladi’, al soraw ga`ptin` izin ala wo`zi tag`i’ juwap beredi.

- Seni qrqi’tayi’n ba?

Meni me? Qorqi’ti’p boli’psan`. (M.Tawmuratov)

- Da`r`ya ha`zir qayaqqa awi’p barati’r?

- Da`r`ya ma? Arqag`a ma deymen. (Sh.Seytov)

5. Birinshi ha`m yekinshi komponenette xabar beriw, bayanlaw ma`nisinde keledi. Birinshi komponentinen soraw ma`ni an`lasi’lmasa da, yekinshi komponent yekinshi komponent wog`an tasti’yi’qlawshi’ yaki biykarlawshi’ juwap tu`rinde qollani’ladi’.

Mi’sali’: Men de awi’lg`a k wo`shtim, inim.

-Yesittim. (O`.Xojaniyazov)

-Keshegi saqalli’ni’ jiberemen.

Qoli’ni’n` wo`neri bar kisi.

-Jiber, boladi’. (O`.Xojaniyazov)

-Marjan sheshe, mag`an jay bergen ko`mek bersin.

-Bere almaydi’. U`yde joq. (O`.Xojaniyazov)

A) Ayi’ri’m jag`daylarda dialogli’q so`ylesiwlerde so`ylesip ati’rg`an adam wo`zi soraw berip, wog`an wo`zi juwap qaytaradi’. Bunday jag`dayda yekinshi komponent toli’qsi’z ga`pte tu`sirilip qalg`an ag`za kontekst ja`rdeminde ani’qlanadi’.

-Bul kimnin` ati’?

-Aybergendiki (O`.Xojaniyazov)

B) Bayanlawi’shi’ tu`sirilip ayti’ladi’:

-U`yinde kim bar

-Apam. (O`.Xojaniyazov)

V) Toli’qlawi’shi’ tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

-Qari’zi’n`di’ to`ledin` be?

-To`ledim. (M.Tawmuratov)

-Jahangir ag`ani’ ko`rmedin`iz be?

-Yaq ko`rmedim. (O`.Xojaniyazov)

G) Ani’qlawi’shi’ tu`sirilip ayti’ladi’:

-Bul kim?

-Bir yesersoq ta. (M.Tawmuratov)

D) Pi’si’qlawi’shi’ tu`sirilip qaldi’ri’ladi’:

-Punkt betke ju`rmey me yeken?

-Yaq ju`rmeydi. (M.Tawmuratov)

2. Bir neshe ag`zalari’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an toli’q yemes ga`pler.

A) Tek baslawi’shti’n` qatnasi’nan du`ziledi.-Qa`ne kim ma`rt?

-Men. (O`.Xojaniyazov)

-I’shte kim bar?

-Mug`allim (sonda)

Mi’sali’: Woni’n` asti’ng`i’ yerninin` nege ji’ri’lg`ani’n bilesen` be? Bilmeysiz.

Woni’n` basbashi’lari’ menen shayday ayqasqani’n bilesen` be? Hesh kim bilmeydi. (O`.Xojaniyazov)

Dialogli’q so`ylesiwlerdegi toli’q yemes ga`ptin` mazmuni’n konkretlestiriwde, wondag`i’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`zalardi’ ani’qlawda situatsiyada qatnasi’wi’ mu`mkin.

-Awa, sizlerge (A.Sadi’kov)

G) Tek ani’qlawi’shti’n` qatnasi’nan du`ziledi:

-Neshinshi klassta oqi’ydi’?

-Jetinshi.

-Sa`diw sha ki’ri’p tur yedi.

-Qaysi’ Sa`diw?

-Fizvostag`i’ (M.Tawmuratov)

D) Tek pi’si’qlawi’shti’n` qatnasi’nan du`ziledi:

-Tami’rdi’n` sog`i’w qalay?

-Ju`da` to`men (M.Tawmuratov)

-Balan`i’z qayda?

-Sarayko`lde (Sh.Seytov)

-Qay jerde turasi’z?

-Go`ne qalada (M.Tawmuratov)

**3. Qospa ga`pte qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`pler**

Qospa ga`ptin` qurami’ndag`i’ jay ga`pler toli’q yemes ga`pler tu`rinde de keledi.

Qospa ga`ptin` qurami'nda qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`pler, jay ga`p tu`rinde qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`plerden aji'rali'p turadi'.

Jay ga`plerdegi toli'q yemes ga`plerde tu`sirilip qaldi'ri'lg`an ag`za wo`zinen buri'n kelgen ga`pten, kontekstten belgili boladi', al qospa ga`p qurami'ndag`i' toli'q yemes ga`plerde tu`sirilip qaldi'ri'lg`an ag`zalar uli'wma kontekstten yamasa ko`binese qospa ga`ptin` 1- komponentinde tu`ssirilip qaldi'ri'lg`an ag`zalari' yekinshi komponenti arqali' belgili boli'p turadi'.

Mi'sali'u` Sa`dirbaydi'n` quday jari'lqap, basi'na baylag`an sharshi'si' bar yeken, sonni' awzi'na tan`i'p aldi', Jumabay ko`ylegin.

Bul dizbekli qospa ga`pte yekinshi komponenti toli'q yemes ga`p tu`rinde bayanlawi'sh ag`zasi' (tan`i'p aldi') tu`sirilip qaldi'ri'lg`an. Qospa ga`ptin` yekinshi komponentindegi tu`sirilip qaldi'ri'lg`an bayanlawi'sh ag`za, birinshi ga`ptegi bayanlawi'sh ag`za arqali' belgili boli'p tur.

Qospa ga`ptin` qurami'ndag`i' toli'q yemes ga`pler jay ga`plerdegi toli'q yemes ga`plerden grammatikali'q du`zilisi jag`i'nan wo`zgeshelikke iye. Bulardi'n` bir-birinen wo`zgesheligi A.Boboev to`mendegishe ko`rsetedi.[1]

A) Ayi'ri'm ag`zalardi'n` qospa ga`p komponentleri ushi'n uli'wmali'q za`ru`rli boli'p keliwi.

Jay ga`plerdegi toli'q yemes ga`plerde tu`sirilip qaldi'ri'lg`an ag`zalar wo`zinen aldi'ng`i' ga`pler arqali' an`lasi'lsa, bunda sol qospa ga`ptin` wo`zindegi bir yaki bir neshe ag`za barli'q komponentler ushi'n da za`ru`rli ag`za boli'p, yekinshi komponentler arqali' tu`sirilip qalg`an ag`zani' tabi'wi'mi'zg`a boladi'. Mi'sali': Pirjanni'n` mallari' bos ju`r, lekin ati' joq.

Bul mi'salda qospa ga`ptin` yekinshi komponentinde «Pirjanni'n`» degen ani'qlawi'sh ag`za tu`sirilip qaldi'ri'lg`an. Bul ag`a yeki komponentke de za`ru`rli ag`za boli'p, woni'n` tu`sirilip qaldi'ri'lg`ani' birinshikomponent arqali' ha`m «ati'» degen tarti'm jalg`awli' so`z arqali' belgili boli'p tur.

---

[1] A.Boboeva. Hozirgi uzbek adabiy tilida tuliksiz gaplar , 91-bet.

Tarti’m jalg`awli’ ati’ so`zi aldi’nda ani’wqlawi’sh ag`za bar yekenin ko`rsetedi.

V) Konstruktsiyalardi’n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri arqali’ belgili boladi’.

Bunda tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`za qospa ga`p qurami’nda ko`rinbeydi, al ga`ptin` uli’wma mazmuni’nan an`lasi’ladi’ ha`m bayanlawi’shti’n` qanday feyil menen berilgeni de tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`zani’ tabi’wg`a ja`rdem beredi.

Mi’sali’: Sonday qi’zlar boladi’, islegen isleri adamlardi’ tan`landi’radi’. (B.Aymuxammedova)

Toli’q yemes ga`pler qospa ga`ptin` barli’q tu`rlerinde: bag`i’ni’n`qi’li’ qospa ga`pte de, dizbekli qospa ga`pte de qollani’ladi’.

Qospa ga`plerdin` toli’q yemes ga`plerde, ko`binese baslawi’sh. Bayanlawi’sh al geypara jag`dayda yekinshi da`rejeli ag`zalari’ tu`sirilip ayti’ladi’.

1. Baslawi’sh tu`sirilip ayti’ladi’:

Baslawi’sh ag`za geyde qospa ga`ptin` yeki komponentinde de, geyde bir komponentinde tu`sirilip qaldi’ri’li’wi’ mu`mkin.

Mi’sali’: Sherbektin` ga`pi woylandi’rdi’, biraq si’r bermedim. (Sh.S) Qati’n`g`a si’ri’n`di’ aytsan`, to`ben`e minip ketedi. (Sh.S)

Tu`sindim aytqani’n`a, qa`ne wonda bi’lay shi’q. Xanni’n` tuwi’ – xanni’n` gellesi ji’g`i’lmaydi’. (O`.Xojaniyazov)

2. Bayanlawi’shi’ tu`sirilip ayti’ladi’:

Bunda da bayanlawi’sh ag`za geyde bir komponentinde, al ayi’ri’m waqi’tlari’ yeki komponentinde de tu`sirilip qaldi’ri’ladi’.

Yeki komponentinde de bayanlawi’shti’n` tu`sirilip qaldi’ri’li’wi’ ga`ptin` uli’wma mazmuni’nan belgili boli’p turadi’.

Mi’sali’: Jaqi’nnan beri abaylap ju`r, qaynag`asi’na ha`m woni’n` xojali’g`i’na ayli’qti’ ko`p jazadi’, Jumabaylarg`a az. (A.Sadi’qov)

Ko`remen, ya Bul awi’lda sen turasan`, ya men. (O`.X)

Alti’n wotta, yer miynette.

3. Yekinshi da`rejeli ag`zalari’ tu`sirilip ayti’latug`i’n toli’q yemes ga`pler:

Mi’sali’: Mine, Bul adamlar jeti atasi’ni’n` kim yekenligin jaqsi’ bilmewi mu`mkin, al, kim biledi. (A.Sadi’qov)

Aq ko`kirektin` ati’ azbaydi’, toni’ tozbaydi’.

Adam ku`yip ketkende, da`rti (menen) tiline urama deymen. (A.Sadi’qov)

Bul mi’sallarda birinshi ga`pte ken`eytilgen toli’qlawi’sh ag`za, yekinshi ga`pte ha`m u`shinshi ga`pte iyelik sepligindegi ani’qlawi’sh ag`za tu`sirilip qalg`ani’ da`slepki komponentten belgili boli’p turadi’.

## B) Toli’q yemes ga`plerdin` mazmuni’ ha`m qurami’na qaray tu`rleri

1. Toli’q yemes ga`plerdin` mazmuni’na qaray tu`rleri.

Toli’q yemes ga`pler qari’m-qatnasli’q mazmuni’na qaray, to`mendegi tu`rlerge bo`linedi:

1. Xabar ga`p.
2. Soraw ga`p.
3. Buyri’q ga`p.
4. U`ndew ma`nili toli’q yemes ga`p boli’p to`rt tu`rge bo`linedi.

## Xabar ma`nili toli’q yemes ga`p

Xabar ma`nili toli’q yemes ga`pler monolog ha`m dialog ga`plerde, dramali’q shi’g`armalarda wo`nimli qollani’ladi’. Xabar ma`nisindegi toli’q yemes ga`pler ma`nilik jaqtan belgili bir pikir bildiriwde kontekst, ya situatsiyag`a baylani’sli’ boladi’.

Wolar kontekst ha`m situatsiyag`a baylani’sli’ to`mendegi ma`nilik wo`zgesheliklerdi bildiredi;

A) Toli’q yemes ga`pler dialogli’q du`zilistegi ga`plerde uli’wma juwap ma`nisinde keledi. Mi’sali’:

- Sadi’q ag`a paxta jerin`iz qansha?

- Bes tanap.

- Qansha paxta alarsi’z?

- Quda qa`lese, ju`z pud alarmi’z dep ju`rmen.

- Kelmey, qalg`an adam boldi’ ma?

- Bilmedim.

B) Soraw-juwap ma`nisindegi dialog ga`plerde maqullaw ma`nisindegi juwapti’ bildiredi:

- Grajdanka, siz be shaqi’rtqan? – dedi.

- Awa, men.

- Adami’n`i’z qayda?

- Mi’naw woti’rg`an iplas! – dep Gu`layi’m A`bdiqa`dirdi nusqap ko`rsetti. (M.Qayi’pov)

- Jani’n` barda ayt, ahidnama unay ma?

- Bizin` qoy qayda? – dedi Shazada dawi’si’n pa`tlendirip.

- Bar. (T.Qayi’pbergenov)

- Ha`ziretin`izdi ko`rdin` be?

- Ko`rdim. (S.Xojaniyazov)

V) Toli’q yemes ga`p biykarlaw ma`nisindegi juwapti’ bildiredi:

- I’nim, neli bolasan`, - dedi Serkebay kesesine shay quyi’p. – Qon`i’ratli’man.

- A`ke – sheshen` bar ma? – Joq. Jaslayi’nda wo`lgen, - dep Jiyemurat bir ret suwi’q demin ali’p juwap berdi. (T.Qayi’pbergenov)

Demek siz Ari’wxan menen Sabi’rbay ag`ani’n` arasi’ndag`i’ qupi’ya si’rlardi’ ha`m awi’r waqi’yag`a ali’p kelgen sebeplerdi bilmeysiz, a`

- Yaq, bilmeymen, qa`ynim. (A.Bekimbetov)

**Soraw ma`nili toli’q yemes ga`pler**

Soraw ma`nisindegi toli’q yemes ga`pler dialog formasi’ndag`i’ ga`plerde ko`birek ushi’rasadi’. Bul formadag`i’ ga`pler, tiykari’nan, yeki yamasa bir neshe adamni’n` soraw-juwap ma`nisindegi ga`plesiwinde qollani’ladi’: Mi’sali’:

- Qaydan keldin`iz? To`rtku`lde ko`rinbeytug`i’n yedin`iz?

- Shi’mbaydan

- Qayda barasi’z?

- Jumi’sqa

- Ne jumi’s

- Kir juwaman. (J.Aymurzaev)

- Ha`zir tamaq boladi’… Tamaqti’ yesitkende balalar. (N.Da`wqaraev)

Soraw ma`nili toli’q yemes ga`plerge de soraw ma`nili toli’q ga`pler si’yaqli’, soraw almasi’qlari’ qatnasadi’, bazi’da soraw janapaylari’ni’n` qatnasi’ ayri’qsha bildiriledi:

- Men Nazarbaydi’ ko`rdim!

- Qashan? - Ha`zir.

- Qayda? – Bazarda.

- Yendi g`arri’ni’ so`yletiwge kiristim.

- Jasi’n`i’z neshede Ma`mbetniyaz ag`a? – Yeliwdin` u`shewine shi’qti’q g`oy. – Balan`i’z bar ma?

- Bar. – Woqi’y ma? – Birewi To`rtku`lde.

Awi’l xojali’q texnikumi’nda woqi’ydi’. (N.Da`wqaraev)

Soraw ma`nili toli’q yemes ga`pler soraw almasi’g`i’ yamasa soraw janapayi’si’z kelip te soraw mazmuni’n bildiriwi mu`mkin.

Bunday jag`dayda intonatsiyag`a ayri’qsha itibar beriledi, yag`ni’y toli’q yemes ga`p soraw intonatsiyasi’ menen ayti’ladi’. At u`stindegi Worazbaydi’ ko`rip:

- Assalawma a`leykum, Woreke – dedi.

- Waleykum assalam. At u`stinde qol ali’sti’.

- Attan` tu`sin`? Atti’n` dizginin usladi’.

- Worazbay attan tu`sti. Tursi’nay, senin` aytajag`i’n` Woraqbaydi’n` so`zi me? – dedi Tursi’naydi’ so`yletkisi kelip.

- Joq. Men quwani’shli’ xabar ali’p keldim.

- Qanday xabar? Suw tasi’p pa?

- Awa, suw da tasi’pti’. Wog`an jari’sa sizin` u`yde bazar, - dedi shaqalaq ati’p ku`liwi menen Tursi’nay…

- Bazar? Bazari'n` ne? Palman hawli'g`i'p sorag`an yedi. (S.Xojaniyazov).

Bul mi'sallarda di'qqat yetilgen toli'q yemes ga`plerde soraw almasi'g`i' yamasa soraw janapayi' qollani'lmag`an. Wolardi'n` sorawli'q ma`nisi intonatsiya arqali' bildirilip kelgen.

**Buyri'q ma`nili toli'q yemes ga`pler**

Buyri'q ma`nili toli'q yemes ga`pler monolog ha`m dialog formasi'ndag`i' ga`plerde qollani'ladi'. Biraq toli'q yemes ga`plerdin` Bul tu`rinin` dialoglarda qollani'li'wi' monolog ga`plerge qarag`anda a`dewir ken`. Dialoglardag`i' toli'q yemes ga`plerdin` tu`sirilip qaldi'ri'lg`an ag`zalari'n ani'qlawda yeki tu`rli wo`zgeshelik bar:

Wolardi'n` biri toli'q yemes ga`ptegi qollani'lmag`an ag`za wo`zinen buri'ng`i' ga`pler arqali' an`lasi'ladi': Yekinshisi toli'q yemes ga`pten son`g`i' komponentlerden ma`lim boli'p turadi'. Mi'sali':

1) - Qa`ne, toqtap tur! – dep Jaydar ji'lawdi' uslap u`lgerdi. – Qayaqqa? Barmaysan`. Attan tu`s, ga`pime qulaq sal?! – Jiber! – dep ati'rman.

- Jibermeymen! (Sh.Aytmatov)

2) – Toqta, Bektay wa`jisip alayi'q. Bektay woni'n` so`zlerin yesitkisi kelmey kete berdi.

- Sotlanasan`!

- Bunnan go`ri sotlang`an maqul, - dep g`a`zep penen juwap qaytardi', Bektay ha`m qayti'p aylani'p qaramadi'. (Sh.Aytmatov)

Bul mi'sallardi'n` birinshi topari'nda di'qqat yetilgen toli'q yemes ga`plerdegi qollani'lmay qalg`an ag`zalar da`slepki ga`plerdin` ma`nisinen (kontekst arqali') an`lasi'li'p tur.

Son`g`i' yekinshi mi'salda Sotlanasan` degen toli'q yemes ga`ptin` qollani'lmag`an ag`zasi' (baslawi'sh - sen) sol ga`ptin` wo`zinen ma`lim boli'p kelgen.

Buyri'q ma`nili toli'q yemes ga`pler monologta qollani'lmag`anda, woni'n` tu`sip qalg`an ag`zalari' sharayat yaki situatsiyadan an`lasi'ladi'. Bunday jag`dayda toli'q yemes ga`pler, ko`binese tuwra ga`p formasi'nda keledi: Shora ku`tip turg`an yedi.

- Tezirek tu`sin`ler, ju`rin`ler. Jayg`asi'p ali'n`. (Sh.Ayt)

Mi'rza Uli'g`bek sandi'qti'n` tu`binen qali'n` qi'zi'l teletinnen tigilgen kishkene qalta ali'p, wog`an kesedey-kesedey quyi'lma alti'nnan won danasi'n sanap saldi'. Wonnan son` g`a`whardan da alaqanlari'n tolti'ri'p bes-alti' qi'si'm saldi' da, A`liy qusshi'g`a qaradi':

- Al! A`liy qusshi' teletin qaltani' sandi'qtan ali'p jerge qoydi': qalta zildey awi'r yedi. (A.Yakupov)

Buyri'q ma`nisindegi toli'q yemes ga`pler, ko`binese feyildin` buyri'q ha`m ani'qli'q meyil formalari'nda keledi. Wolardi'n` tu`sip qalg`an ag`zalari' sol meyil formalari'ndag`i' feyillerdin` wo`zinen, yag`ni'y betlik formalari' arqali' an`lasi'li'p turadi': Mi'sali':

Xan qi'si'q shekesin qos qollap qi'si'p, tu`rgeldi ha`m g`a`zeplendi: - Bilip qoyi'n`!

Biyta`rtiplik yetsen`iz, tarqati'p jiberemen, tarqati'p!

Tu`sinin`! - a`y, bala, - dedi Shayi'q.

- Xani'mi'z ulli' rehim menen ruqsat yetti.

Ayt. Qi'sqa ayt. (T.Qayi'pbergenov)

Ko`zi ja`ne qaran`g`i'g`a u`yrenisken Tanabay sa`lemdi ayday basladi'.

- Qa`ne, kettik, shuwh, shuwh! Ju`rsen`-a`! Boldi' yendi! – dep jekirindi. Worazqul woni'n` ga`pin bo`lip.

- Kettik! (Sh.Aytmatov)

Buyri'q ma`nili toli'q yemes ga`pler basqa so`z shaqaplari' arqali' da bildiriliwi mu`mkin:

G`arri'ni' zorg`a ti'n`lap turg`an I'ri'squl biy arti'na buri'li'p, atqosshi'lari'na baqi'rdi'.

- A`y, won`bag`anlar, aydan` tezirek! Ha`zir tarqali'n`, byler menen won-won jigit a`kelin` aldi'ma!

Tez! Tez! Tez! I'ri'squl biydin` qos atqosshi'si' ne sebep yekenin sorap turmastan, weki jaqqa ayi'ri'li'p shapti'. I'ri'squl sol turg`an jerinen qozg`almay baqi'ri'p tur:

- Tez! Tez! Tez! (T.Qayi'pbergenov)

**U`ndew ma`nili toli'q yemes ga`pler**

U`ndew ga`pler so`ylewshinin` waqi'ya, ha`diyselerge qatnasli' bolg`an ku`shli tuyg`i'-sezimlerin bildiredi.

Wolardi'n` bildiriliwi yeki tu`rli wo`zgeshelikke iye boladi':

A) So`ylewshinin` ishki tuyg`i'-sezimlerin (ashi'w yetiw, keyipleniw, qayg`i', sag`i'ni'w, yoshlani'w, shadli'q, qorqi'w h.t.b.) bildiredi.

B) So`ylewshinin` haqi'yqatli'qqa bolg`an ha`r tu`rli qatnaslari'n (iseniw, isenbew, shekleniw, mi'sqi'llaw, g`a`zepleniw, riyzali'g`i', bolmaw, qanaatlandi'ri'w, qanaatlanbaw, qi'zg`ani'w, kemsitiw t.b.) bildiredi.

U`ndew ga`plerge ta`n Bul wo`zgeshelikler, wolardi'n` toli'q ha`m toli'q yemes formalari'ni'n` yeki tu`rine de qatnasli' boli'p keledi: At u`stinde shawi'p kiyati'ri'p:

- Su`yinshi berin`, su`yinshi! Quwani'shli' xabar! – dep baqi'rdi'm. - Ha`zir, aylanayi'nlar, ha`zir! – deydi de na`rse woqi'y almaydi'. (Sh.Aytmatov) Mamanlar qara terge shomi'lg`an atlari'n irkpesten topqa burdi'.

- A`y, adamlar, adamlar! Yabi' Qon`i'ratqa, Qon`i'rat yabi'g`a jaw yemes! Toqtati'n`lar, qaraqalpaqlar! G`arg`i's tiygen adamlar! Toqtati'n`lar. (T.Qayi'pbergenov)

Bul mi'salardag`i' di'qqat yetilgen ga`pler toli'q ha`m toli'q yemes formalarda kelgen. Wolardi'n` yekewinde de so`ylewshinin` ishki tuyg`i'-sezimleri an`lasi'ladi'.

Toli'q ga`plerde so`ylewshinin` ishki tuyg`i'-sezimleri woni'n` barli'q ag`zalari'ni'n` qatnasi' arqali' bildiriledi.

U`ndew ga`pler ko`terin`ki dawi's tolqi'ni' menen ayti'ladi'. U`ndew intonatsiyasi' u`ndew ga`ptin` bildiriliwindegi yen` a`hmiyetli qurallardi'n` biri. U`ndew intonatsiyasi' menen ko`terin`kiayti'lg`anda, xabar, soraw ha`m buyri'q ga`pler de u`ndew ga`pke aylani'wi' mu`mkin. Mi'sali':

Juwi'r, barayi'q! – degen oraqshi'lardi'n` sesti yesitildi. – Ti'ni'shlani'n`! Qa`ne, qoyi'n`lar, qati'nlar?! – dep yerkeklerdin` arasi'nda turg`an birew baqi'rdi'. (Sh.Aytmatov)

Bul mi'sallarda di'qqat yetilgen ga`pler u`ndewli buyri'q ga`p ha`m u`ndewli soraw ga`p ma`nisinde kelgen. Wolardi'n` bunday ma`nilerge iye boli'wi'n ko`terin`ki ayti'lg`an u`ndew intonatsiyasi' ta`miyinleydi.

## Toli'q yemes ga`plerdin` qurami'na qaray tu`rleri

Toli'q yemes ga`pler de toli'q ga`pler si'yaqli' yeki bas ag`zali' ha`m bir bas ag`zali' quri'li'sta keledi. Toli'q ha`m toli'q yemes ga`plerdegi eki bas ag`zali' ha`m bir bas ag`zali' quram ga`ptin` bas ag`zalari'ni'n` qatnasi'na qaray ani'qlanadi'.

## Yeki bas ag`zali' toli'q yemes ga`pler

Yeki bas ag`zali' toli'q yemes ga`pler du`ziliw sxemasi'n yeki bas ag`za – baslawi'sh ha` bayanlawi'shti'n` worayi' du`zedi.

Al, bir bas ag`zali' ga`plerdin` du`zilislik sxemasi'nbir bas ag`zani'n` worayi'nan quraladi'. Bul si'yaqli' yeki tu`rli wo`zgeshelik toli'q yemes ga`plerge de ta`n boli'p keledi.

Yeki bas ag`zali' ga`pler baslawi'shti'n`, bayanlawi'shti'n` yamasa yekinshi da`rejeli ag`zalardi'n` qollani'lmawi' na`tiyjesinde toli'q yemes ga`ptin` strukturasi'na wo`tedi.

Mi'sali': - <u>Qaydan keldin`iz? Buri'n To`rtku`lde ko`rinbeytug`i'n yedin`iz</u>? – Shi'mbaydan.

- Qayda barasi'z? – Jumi'sqa. Ne jumi's?

- Kir juwaman. (J.Aymurzaev)

Bul keltirilgen mi’sallardag`i’ di’qqat yetilgen ga`pler yeki sostavli’ toli’q yemes ga`pler. Wolardi’n` u`shewinde de siz degen baslawi’sh qollani’lmag`an. Woni’n` baslawi’shi’ kontekst arqali’ ma`lim boladi’. Yeger sol ga`plerde baslawi’shti’ qollani’p aytatug`i’n bolsaq, wonda ga`pte ta`kirarlani’w payda yetedi. ha`m stillik i’qshamli’qqa iye bolmay qaladi’.

Toli’q yemes ga`plerde ga`ptin` bas ag`zalari’ni’n` yekewi de qollani’lmasa, bunday jag`dayda toli’q yemes ga`ptin` yeki sostavli’ ya bir sostavli’ yekenligi kontekst, so`ylew jag`dayi’ ha`m dialoglar arqali’ ani’qlanadi’:

1. – Qayda wolar? – dep baqi’rdi’ kirip kelgen Xusnatdinge Susakin.

– Ali’p kiyati’r…

- Kimdi?

- Atamurat Aytmuratovti’. (J.Aymurzaev)

2. – Bul qi’z nege azi’p ketken?

- Senin` zuli’mli’g`i’n`nan. (S.Xojaniyazov)

Bul keltirilgen mi’sallardi’n` yekewinde de di’qqat yetilgen toli’q yemes ga`plerdin` yeki bas ag`zasi’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an. Toli’q yemes ga`pler tek toli’qlawi’shlardan du`zilgen. Wolardi’n` bas ag`zalari’ kontekst, situatsiya, dialoglar arqali’an`lasi’ladi’. Ma`selen, birinshi mi’salda – Kimdi? – Aytmurat Atamuratovti’ degen toli’q yemes ga`plerdin` bas ag`zalari’ so`ylew jag`dayi’ ha`m soraw-juwap formasi’ndag`i’ dialog ga`plerden ma`lim boladi’.

Yekinshi mi’saldag`i’ - Senin` zuli’mli’g`i’n`nan degen toli’q yemes ga`ptin` bas ag`zalari’ wo`zinen buri’ng`i’ ga`p (kontekst) arqali’ bildiriledi. Bul ga`pti toli’q ga`p formasi’nda du`zgenimizde: Bul qi’z senin` zuli’mli’g`i’n`nan azi’p ketken boli’p beriledi. Bul dialog formasi’nda kelgen yekinshi ga`p sol toli’q ga`pke juwap beriw ma`nisinde, formasi’ jag`i’nan toli’q yemes, al ma`nisi jag`i’nan toli’q boli’p kelgen.

Demek, soraw-juwap ma`nisindegi dialog ga`plerde wonsha a`hmiyetli bolmag`an, yag`ni’y da`slepki soraw ga`pke juwap beriwge tiyisli bolmag`an so`zler stillik jaqtan tu`sirilip qaldi’ri’ladi’.

## Bir bas ag`zali' toli'q yemes ga`pler

Toli'q yemes ga`pler yeki bas ag`zali' boli'wi' menen qatar, bir bas ag`zali' boli'p ta keledi. Yeki bas ag`zali' ga`plerde baslawi'sh ha`m bayanlawi'sh ayi'ri'm-ayi'ri'm bildiriledi. Wolardi'n` quramlari' yeki bas ag`zani'n` qatnasi'nan yamasa sol bas ag`zalarg`a qatnasli' yekinshi da`rejeli ag`zalardi'n` ha`r bir quramdi' du`ziw worayi'nan turadi'. Bir bas ag`zali' ga`plerde predikativlik bir bas ag`za arqali' bildiriledi. Demek, pu`tin ga`ptin` wo`zi bir ag`zadan turadi'.

A.G.Gulomov ha`m M.A.Asqarova bir bas ag`zali' ga`plerdin` mazmuni'n to`mendegishe bayanlaydi': «Bir bas ag`zali' ga`plerde bas ag`zalardi'n` biri tu`sip qalg`an ya jasi'ri'lg`an yemes. Bunda pu`tin ga`ptin` wo`zi bir ag`zadan ibarat: Wonda qandayda bir ag`zani'n` jasi'ri'ng`ani' sezilmeydi. Demek, bir bas ag`zali' ga`pler toli'q yemes ga`pten pu`tinley basqasha» - dep ko`rsetedi.[1]

A.G.Gulomov ha`m M.A.Asqarovani'n` Bul pikiri, ko`binese bir sostavli' ga`plerdin` ataw ga`p tu`rine qatnasli' boli'p keledi.

O`zbek tilinin` son`g`i' izertlewlerinde bir sostavli' ga`plerde de belgili bir ag`zani'n` jasi'ri'ni'wi' ha`m Bul jasi'ri'ng`an ag`zani'n` so`ylew jag`dayi' yeki kontekstarqali' an`sat ani'qlap ali'w imkaniyati'ni'n` bar yekenligin ko`rsetedi.[2]

Ma`selen: 1. Anatay worni'n`a woti'r, sen nege tu`rgelip tursan`? Senin` a`ken` de fronta uri'sta ju`ripti.

- Menin` a`kemde!

- Menin` de!

- Menin` a`kem de uri'sta!

- Menin` de! – dep balalar jabi'rlasqan waqi'tta, Ti'nashev qoli'n ko`terdi.

2. – Ala berin` balalar, za`ru`rli kerek na`rselerin`izdi tawi'p berip, ta`miyinleymiz! – dedi basli'q. – Baslan`, qa`ne. <u>Ha`r birin`izge to`rtewden</u>. Qa`legenin`izdi tuti'n`. (Sh.Aytmatov)

Bul mi'sallardag`i' asti' si'zi'lg`an ga`pler bir sostavli' toli'q yemes ga`pler.

---

[1] A.G.Gulomov, M.A.Asqarova. Hozirgi O'zbek adabiy tili. Toshkent, «Wqituvchi» nashriyoti, 1965, 73-v.
[2] Boboev A. Ko`rsetilgen miynet, 79-bet.

Birinshi topar mi’saldag`i’ asti’ si’zi’lg`an bir bas ag`zali’ ga`plerdin` geyparalari’nda bir ag`zasi’, gey birewlerinde u`sh ag`zasi’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an. Bul tu`sirilip qaldi’ri’lg`an ag`zalar da`slepki «Senin` a`ken` de fronta uri’sta ju`ripti» degen yeki sostavli’ toli’q ga`p (yag`ni’y kontekst) arqali’ belgili boli’p tur. Bunda bayanlawi’sh ha`m wog`an qatnasli’ yekinshi da`rejeli ag`zalar, ol geyparalari’nda yeki bas ag`za da tu`sirilip qaldi’ri’lg`an. Yekinshi topar mi’saldag`i’ toli’q yemes ga`pler de sonday.

Demek, toli’q yemes ga`pler de bir bas ag`zali’ ha`m yeki bas ag`zali’ strukturag`a iye. Bir bas ag`zali’ toli’q ga`plerde ga`p ag`zalari’ni’n` tu`sip qalg`anli’g`i’ sezilmeydi. Bir bas ag`zali’ ga`p toli’q yemes ga`p formasi’nda kelse, woni’n` belgili bir ag`zasi’ni’n` jasi’ri’ng`anli’g`i’ konkret bilinip turadi’. Bunday bir bas ag`zali’ toli’q yemes ga`plerdi ani’qlawda kontekst, situatsiya yamasa ga`ptin` dialog formasi’nda du`ziliwi tiykarg`i’ roldi atqaradi’.

**Qaysi’ ag`zani’n` qollani’lmawi’na qaray toli’q yemes ga`plerdin` tu`rleri**

Toli’q yemes ga`pler de pikir bildiriwi, grammatikali’q wo`zgeshelikleri jag`i’nan toli’q ga`pler menen birdey. Toli’q ga`pler de toli’q ma`ni bildiriwge qatnasli’ bolg`an bir de element tu`sirilmey qollani’ladi’.

Toli’q yemes ga`plerde bunday wo`zgeshelik saqlanbaydi’. Wolar qollani’li’w sharayati’na qaray bir yamasa bir neshe ga`p ag`zalari’ni’n` qatnasi’si’z-aq toli’q pikir bildire aladi’, tildin` qari’m-qatnasli’q xi’zmetin atqaradi’.

Sonli’qtan toli’q ga`pler pikir bildiriwdin` wo`zine ta`n bir usi’li’ bolsa, toli’q yemes ga`pler ekinshi bir usi’li’boli’p keledi.

Toli’q ga`pler tekst yamasa abzats baslari’nda, jan`a pikirdin` baslani’wi’nda ken` qollani’ladi’. Wolar ko`binese ha`r tu`rli bildiriliwlerde, qag`i’ydalarda, qararlar, ni’zam ha`mpa`rmanlarda toli’q formasi’nda jazi’ladi’.

Toli’q yemes ga`plerde to`mendegi ga`p ag`zalari’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an:

Baslawi’shi’ qollani’lmag`an toli’q yemes ga`p. Monolog ha`m dialog formalari’nda kelgen toli’q yemes ga`plerde, ko`binese atli’q, almasi’qlardan bolg`an baslawi’shlar tu`sip qali’p, so`ylewde qollani’lmaydi’:

A) Toli’q yemes ga`plerde atli’qtan bolg`an baslawi’shlar tu`sip qaladi’:

1 – Men sag`an du`nya tawi’p beremen.

- Kerek yemes. (J.Aymurzaev)

2. – Balam qayda? – dep soradi’ tum-tusqa qarap. - To`rgi jayda. (M.Qayi’pov)

3. – Wo’mirbek g`arri’ haqi’yqati’nda da buri’n kettime? - Za`rre buri’ni’raq. (T.Qayi’pbergeno`

Bul keltirilgen mi’sallarda toli’q yemes ga`pler replikali’q dialog formasi’nda du`zilgen.

Da`slepki replika ga`ptegi sorawg`a son`g`i’ replika juwap ma`nisinde keledi de, wondag`i’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an baslawi’shlar da`slepki replika arqali’ an`lati’ladi’. Bul mi’sallardi’n` birinshisinde – du`nya, yekinshisinde-balam, u`shinshisinde-Wo’mirbek g`arri’ degen baslawi’shlar qollani’lmag`an:

B) Almasi’qlardan bolg`an baslawi’sh toli’q yemes ga`pte qollani’lmay tu`sip qaladi’. Bunday jag`dayda, ko`binese betlew almasi’qlari’ arqali’ bildirilgen baslawi’shlar qollani’lmaydi’: - Siz Bul jerde ha`r ku`ni sholpi’ salasi’z ba? – Ara tura.

Bu`gin qos aydawg`a kelip edim, tu`ski waqi’tti’ bosqa wo`tkergim kelmedi.

- Ne yekpeshisiz?

- Tari’. (J.Saparov)

Bul keltirilgen mi’sallardag`i’ toli’q yemes ga`plerdin` almasi’qlardan bolg`an baslawi’shlari’ tu`sip qalg`an. Wolardi’n` qanday almasi’qlar arqali’ bildiriletug`i’ni’ kontekst arqali’ ma`lim boladi’.

Soraw ma`nisindegi da`slepki ga`pke juwap retinde qollani’lg`an toli’q yemes ga`plerde men degen betlew almasi’qlari’ ga`ptin` basqa ag`zalari’ menen qosa tu`sirilgen.

Bul dialoglardag`i’ toli’q yemes ga`plerdin` tu`sirilgen ag`zalari’n qayta qollani’p aytqani’mi’zda, wolardi’n` modelleri to`mendegishe du`ziledi: - Siz Bul jerde ha`r ku`ni sholp salasi’z ba? – dedi. Men Bul jerde ara-tura sholp salaman. Bu`gin qos aydawg`a kelip yedim, tu`ski waqi’tti’ bosqa wo`tkergim kelmedi.

- Ne yekpeshisiz?

- Biz (yamasa men) Bul jerge tari’ yekpekshimiz.

Bul jag`dayda ga`p stillik jaqtan kemshilikke ushi’raydi’, pikir i’qshamli’li’g`i’ an`lasi’lmaydi’.

Sonli’qtan toli’q yemes ga`plerde bir yamasa bir neshe ag`zalardi’n` tu`sirilip qollani’li’wi’ pikir bildiriwdin` tiykarg`i’ usi’llari’ni’n` biri boli’p yesaplanadi’.

**Bayanlawi’shi’ qollani’lmag`an toli’q yemes ga`pler**

Bayanlawi’shi’ tu`sip qalg`an toli’q yemes ga`plerdin` du`zilisi ko`binese ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ – toli’qlawi’sh, pi’si’qlawi’sh, geyde baslawi’shtan da du`ziledi:

- Na`let bolsi’n deymiz!

- Kimge?

- G`ayi’p xang`a!

- Abi’lxayi’r xang`a!

- Ubaydulla biyge! (T.Qayi’pbergenov)

- Qaydan keldin`iz? – Qaraqalpaqstannan.

- Uli’n` tuwi’lg`anda toy berdin` be?

- Joq. Uri’sqa ketip qaldi’m.

- Yendi…?

- Yendi jen`isten keyin.

- Duri’s. Bizler toyg`a barami’z, - dedi komissar. (J.Aymurzaev)

Juman. Wol xatti’ mag`an kim beripti?

Qurbanbay. Gu`zetshi. (P.Tilegenov)

Bul keltirilgen mi’sallardag`i’ di’qqat yetilgen toli’q yemes ga`plerde bayanlawi’shlar tu`sirilgen. Birinshi mi’saldag`i’ toli’qlawi’shlardan du`zilgen toli’q yemes ga`plerge na`let bolsi’n deymiz degen bayanlawi’sh qatnasli’. Yekinshi mi’saldag`i’ pi’si’qlawi’shlardan du`zilgen toli’q yemes ga`plerge toli’q ga`plerdegi keldin`, toy berdin` be degen bayanlawi’shlar qatnasli’ boli’p kelgen. Al u`shinshi mi’saldag`i’ Gu`zetshi degen baslawi’shtan du`zilgen toli’q yemes ga`pte beripti degen bayanlawi’sh qollani’lmag`an.

Bayanlawi’shsi’z toli’q emes ga`plerde, ko`binese feyil bayanlawi’shlar tu`siriledi.

Predikativlikti bildiriwshi xi’zmetti kontekst, situatsiya ha`m intonatsiya atqaradi’.

**Yekinshi da`rejeli ag`zalar qollani’lmag`an toli’q yemes ga`pler**

Toli’q yemes ga`plerde ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ da qollani’lmay keledi. Bunday jag`dayda toli’q yemes ga`plerdin` strukturasi’ bas ag`zalardi’n` toli’q qatnasi’wi’nan yamasa bas ag`zani’n` tu`sip qali’p qollani’li’wi’nan du`ziledi. Haqi’yqati’nda, bas ag`zalar ga`ptin` strukturali’q sxemasi’n (predikativlikti) du`zedi.

Bas ag`zalardi’n` qurami’nda wolardi’ tu`sindiriwshi yekinshi da`rejeli ag`zalar kelip,ga`ptin` strukturasi’n ken`eytedi, pikirdin` toli’qli’g`i’n ta`miyinleydi.

Yekinshi da`rejeli ag`zalardi’n` geyparalari’ bas ag`zalardi’n` yekewine de (ko`binese ani’qlawi’sh) geyparalari’ bayanlawi’shqa (ko`binese toli’qlawi’sh ha`m pi’si’qlawi’shlar) qatnasli’ boli’p keledi.

Ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ subekttin` is-ha`reketinin` obektin, wori’n, waqi’t, sebep-na`tiyje, maqset t.b. si’yaqli’ belgilerin bildiredi. Bul jag`i’nan yekinshi da`rejeli ag`zalar pikirdin` toli’qli’g`i’n ta`miyinlewde yen` a`hmiyetli xi’zmetti atqaradi’.

Ma`selen, mi’na ga`plerdi sali’sti’ri’p ko`reyik:

1. Atasi’ Bul portfeldi ko`shpeli avtolavkadan sati’p aldi’. 2. Avtolavka anda-sanda u`ylerdin` tusi’nda irkilip wo`tedi. (Sh.Aytmatov)

Bul ken`eytilgen toli’q ga`plerdi yekinshi da`rejeli ag`zalari’n tu`sirip: Atasi’ sati’p aldi’. Avtolavkalar irkilip wo`tedi. Degen ken`eytilmegen ga`p formasi’nda aytsaq, pikirdin` toli’qli’g`i’na kemislik keledi. Bunday jag`dayda subekttin` isleniw waqti’ ha`m worni’ belgisiz boladi’, ga`ptegi ayti’lajaq pikir toli’q bolmay qaladi’.

Yeger sol ga`pte ayti’li’wg`a tiyisli yekinshi da`rejeli ag`zalar wo`zinen buri’ng`i’ ga`pte qollani’lg`an bolsa, wonda Bul ga`pler kontekst arqali’ toli’q ma`ni bildiredi.

**1. Ani’qlawi’shi’ qollani’lmag`an toli’q yemes ga`pler**

Toli’q yemes ga`plerde ani’qlawi’shlardi’n` tu`sip qali’p qollani’li’wi’ yeki tu`rli. Jupkerlesiwshi baylani’sta kelgen ani’qlawi’shlar ani’qlani’wshi’ ag`za menen birge tu`sip qaladi’. Sebebi sapa kelbetligi arqali’ bildirilgen ani’qlawi’shlardi’n` worni’ turaqli’ boli’p, ba`rhama ani’qlani’wshi’ ag`zani’n` aldi’nda keledi. Sol wo`zi ani’qlap kelgen ag`zadan bo`lek, worni’n wo`zgertiwge yamasa tu`sirip qaldi’ri’wg`a bolmaydi’.

Toli’q yemes ga`plerde iyelik seplik qosi’mtali’ ani’qlawi’sh ani’klani’wshi’ ag`zadan bo`linip tu`sip qaladi’.

Bunday jag`dayda iyelik seplew formasi’ndag`i’ ani’qlawi’sh ani’qlani’wshi’ ag`zani’n` tarti’m jalg`awli’ keliwi arqali’ belgili boli’p turadi’.

Bilemen, Tolg`anay. Wo’zim de ku`tip jati’r yedim. (Sh.Aytmatov). Maman anadan jetim yedi. Anasi’ «Aqtaban shubi’ri’ndi’» ji’li’na qazalang`an. (T.Qayi’pbergenov).

Bul di’qqat yetilgen ga`plerde wo`zim, anasi’ degen tarti’m jalg`awli’ so`zlerdin` iyelik seplewindegi ani’qlawi’shlari’ tu`sirilgen. Bul qollani’lmag`an ani’qlawi’shlardi’n` tu`sirilmegeni tarti’m affiksi arqali’ belgili boli’p tur.

2. **Toli’qlawi’shi’ qollani’lmag`an toli’q yemes ga`pler**

Toli’q yemes ga`ptin` bayanlawi’shi’ awi’spali’ feyiller arqali’ bildirilgende, tabi’s seplik formasi’ndag`i’ tuwra toli’qlawi’shti’ talap yetedi. Yeger tuwra

toli’qlawi’sh toli’q yemes ga`plerde qollani’lmasa, sol tu`sirilip qaldi’ri’lg`an toli’qlawi’sh awi’spali’ feyilden bolg`an bayanlawi’sh arqali’ belgili boli’p turadi’.

Mi’sali’: - Azat qi’li’w kerek pe? – dep saldi’ Maman. A`y, bala, -dedi shayi’q. Ayt qi’sqa ayt. (T.Qayi’pbergenov)

Bul toli’q yemes ga`pler feyil bir bas ag`zali’ ga`p formasi’nda kelgen. Woni’n` bas ag`zasi’ (bayanlawi’sh) awi’spali’ feyilden boli’p, qandayda bir toli’qlawi’shti’ talap yetedi. Bundag`i’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an tuwra toli’qlawi’shlar – seni, juwapti’ degen so`zler.

Toli’q yemes ga`plede qi’ya toli’qlawi’shlar da tu`sirilip qaldi’ri’ladi’. Biraq toli’qlawi’shti’n` Bul tu`ri tuwra toli’qlawi’shqa qarag`anda az ushi’rasadi’.

Mi’sali’: - Qa`ne, attan tu`s! – dep Worazqulg`a da`pinip keldi de, woni’ yerdin` u`stinen to`men qaray julqi’lap tarta basladi’.

Tu`s degende tu`s. (Sh.Aytmatov)

- Shamurat biy, ko`p so`yley bermen`iz. Ne qi’latug`i’ni’mdi’ ayti’n`. Ken`es berin`. (T.Qayi’pbergenov)

Bul di’qqat etilgen toli’q yemes ga`plerdin` da`slepkisinde shi’g`i’s seplewindegi attan, son`g`i’da mag`an bari’s seplewindegi qi’ya toli’qlawi’shlar tu`sirilgen.

**3. Pi’si’qlawi’shi’ qollani’lmag`an toli’q yemes ga`pler**

Pi’si’qlawi’sh is-ha`reketti, ken`islik, waqi’tli’q, si’n, mug`dar, sebep-maqset, sha`rt ha`m qarsi’lasli’q ma`nilerde si’patlap keledi. Toli’q yemes ga`plerde is-ha`reketti si’patlap kelgen Bul belgilerdin` birewi yamasa bir neshewi tu`sirilip qaldi’ri’ladi’.

Mi’sali’: Ko`mekbay shi’g`i’p ketti. Wolar kelip ketti. (J.Aymurzaev) degen toli’q yemes ga`plerde is-ha`rekettin` islengen worni’n ha`m waqi’t bildiriwshi pi’si’qlawi’shlar tu`sirilip qaldi’ri’lg`an. Yeger wolardi’ toli’q ga`p formasi’nda du`zgenimizde to`mendegishe beriledi:

Ko`mekbay ken`seden dalag`a shi’g`i’p ketti.

Wolar bu`gin bizin` u`yge kelip ketti. t.b.

Bul ga`pler joqari'dag`i' toli'q yemes ga`plerge sali'sti'rg`anda pikir bildiriwi jag`i'nan bir qansha toli'qli'qti' an`latadi'. Toli'q yemes ga`ptegi wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' subekttin` is-ha`rekettin` isleniw worni' ha`m waqi'tli'q belgilerin bildiredi.

**Bir neshe ag`zasi' qollani'lmag`an toli'q yemes ga`pler**

Toli'q yemes ga`pler strukturali'q jaqtan bir neshe ag`zasi' tu`sirilip qaldi'ri'lg`an bir yamasa yeki ag`zadan du`zilip te keledi. Bunday jag`dayda toli'q yemes ga`p wo`zinen aldi'n kelgen ga`ptegi pikirdi konkretlestiriwshi xi'zmetti atqaradi'. Bul si'yaqli' toli'q yemes ga`plerdin` strukturasi', ko`binese baslawi'sh ya bayanlawi'shtan, toli'qlawi'sh ya pi'si'qlawi'shtan turadi':

1. Tek baslawi'shtan du`ziledi: - Qa`ne ayt, adamdi' uyqi'latpaytug`i'n qanday kesel?

- <u>Ku`nshillik keseli</u>. (T.Qayi'pbergenov)

Ga`p bi'lay Anatay, sen de a`ken` ushi'n diyqanshi'li'q yetiwge barasan`. Mu`mkin, sag`an bir ji'l, ba`lki onnan da ko`birek waqi't mektepten qol u`ziwge tuwra keler…

- <u>Men de baraman</u>! Men de baraman! Men de! Mine, mi'nalar Shabdar menen Angaltori'! A`ne, w<u>olar</u>. (Sh.Aytmatov)

2. Tek bayanlawi'shtan du`ziledi:

Menin` a`kem de bir si'yi'ri'n frontqa jibereyin dep ati'r dep neshe jola aytti'.

- <u>Tap solay aytti' ma</u>?

- <u>Aytti'</u>. Bir emes ku`n sayi'n aytatug`i'n yedi. (O`.Ayjanov)

Turdi'gu`l a`llen waqi'tta uzaqta u`rgen iyttin` dawi'si'nan seziklenip shorshi'di'.

Gu`layi'mni'n` yesigi qag`i'p-qag`i'p jiberdi.

- Kimsiz?

- <u>Men</u>.

- Menin` kim?

- <u>Turdi'gu`l apan`man</u>. (J.Aymurzaev)

Bul keltirilgen mi’sallardag`i’ di’qqat yetilgen toli’q yemes ga`pler bayanlawi’shtan du`zilgen. Wolar wo`zinen buri’n`g`i’ ga`plerge ma`niles ayti’li’p, sol ga`plerdi tasti’yi’qlaw, konkretlestiriw ma`nilerinde kelgen:

3. Toli’qlawi’shtan du`ziledi:

- Yele xabar joq pa?

- Kimnen.

- Kiyikbaydan.

- Joq. (J.Aymurzaev)

Bul mi’salda toli’q yemes ga`pler soraw-juwap ma`nisindegi dialog formasi’nda kelgen.

Bundag`i’ yen` da`slepki toli’q yemes ga`ptin` ma`nisin son`g`i’ toli’qlawi’shtan du`zilgen ga`pler konkretlestirip, toli’qti’ri’p tur.

4. Pi’si’qlawi’shtan du`ziledi:

Tek pi’si’qlawi’shtan du`zilgen toli’q yemes ga`p xi’zmetinde,ko`binese wori’n, waki’t, si’n, sebep t.b. pi’si’qlawi’shlar qollani’ladi’:

- Qaraqalpaqstannan kiyati’rsi’z ba?

- Awa. – Qaysi’ rayonnan? – Shi’mbaydan.

- Fronta ko`p boldi’n`i’z ba?

- Barli’g`i’ u`sh ayday waqi’t boldi’.

- Tek u`sh ay ma? – U`sh ay u`sh ku`n.

Tan`lanban`i’z, adam ta`g`diri sekund penen yesaplanadi’ yeken.

- Qayda barati’rsan`?

- Qalag`a. – Nege? Biyday sataman. (J.Aymurzaev)

Bul mi’sallarda ko`rsetilgen toli’q yemes ga`pler wori’n, waqi’t, maqset pi’si’qlawi’shlari’ du`zilgen.

Toli’q yemes ga`pler siyrek jag`dayda ani’qlawi’shlardan da du`ziledi:

Ani’qlawi’shti’n` yeki tu`ri de – izafetlik ha`m jupkerlesiwshi ani’qlawi’shlar – toli’q yemes ga`p xi’zmetinde keledi:

- Bul kim? – Ana qosti’n` balasi’.

- Ne qi’li’p ju`r? – dedi G`aniy.

- Baqalag`a tayg`an eken, - dedi Turdi’gu`l si’r bildirmey, - Nenin`?

- Digirmanni’n` (J.Aymurzaev)

- Ag`am qanday adam? Boyi’ uzi’n ba?

- Worta boyli’ - ko`zi qanday?

- Qara ko`z. Tap sen ag`an`a usag`ansan` (sonda)

Bul mi’sallarda di’qqat yetilgen Digirmanni’n` degen iyelik seplew formasi’ndag`i’ toli’q yemes ga`p Baqalag`a tayg`an yeken degen ga`ptin` ma`nisin ani’qlap, konkretlestirip woni’n` toli’qli’g`i’n ta`miyinlep kelgen. Son`g`i’ worta boyli’, qara ko`z degen toli’q yemes ga`pler aldi’ndag`i’ soraw ga`pke juwap ma`nisinde kelip, woni’n` ma`nisin ani’qlaydi’.

Demek, biz Bul razdelde bir neshe ag`zasi’ tu`sirilip qaldi’ri’li’p, tek bir ag`zadan du`zilgen toli’q yemes ga`plerdi so`z yettik. Toli’q yemes ga`plerdin` bunday tu`rleri yeki tu`rli wo`zgeshelikke iye. Wolardi’n` geyparalari’ aldi’n`g`i’ ga`ptin` ma`nisin ani’qlaw, konkretlestiriwshi xi’zmette kelse, geyparalari’ aldi’n`g`i’ ga`ptegi belgili bir ag`zani’ son`g`i’ ga`pte ta`kirarlamaw ushi’n qi’sqari’p qollani’ladi’. Aldi’n`g`i’ ga`ptegi so`ylewshi ushi’n belgili bolg`an so`z son`g`i’ ga`p ushi’n za`ru`rli yemes.

## II BAP. Toli'q yemes ga`plerdi woqi'ti'w

Woqi'w ta`rbiya jumi'slari'ndag`i' yen` aldi'n`g`i' qatardag`i' ta`jiriybeli mug`allimlerdin` is usi'llari'n, grammatikani'n` tek g`ana bir bo`limi bolg`an toli'q yemes ga`plerdi wo`tkende de toli'g`i' menen qollani'wg`a boladi'.

Toli'q yemes ga`plerdi wo`tkende de yamasa bunnanda basqa materiallardi' wo`tkende de mug`allimnin` yen` tiykarg`i' bir kewil bo`letug`i'n worni' programmali'q materiallardi' temalardi'n` awi'r-jen`illigine qaray bo`listiriwinde. Programmali'q materiallardi'n` saatlari' qanshelli temalarg`a baylani'sli' bo`listirilgen bolsa, sol tema woqi'wshi'larg`a sonshelli tu`sinikli ha`m wo`z u`stinde wo`zlerinshe islewge intali' boladi'. Sonli'qtan grammatikani'n` qaysi' tarawi' bolmasi'n programmali'q materiallardi' duri's bo`listiriwi oqi'ti'wshi'ni'n` birden-bir wazi'ypasi' boli'p yesaplanadi'. Sol sebepli toli'q yemes ga`plerge berilgen saatlar mug`allim ta`repinen qarali'p shi'g`i'wi' ha`m ha`r bir temalarg`a duri's bo`liniwi ko`zde tuti'ladi'.

### Toli'q yemes ga`plerdi woqi'ti'w metodi'

A) Su`wret (kartina) boyi'nsha jumi's islew:

Doskag`a bir neshe ha`reketleri bar su`wret ildirilip qoyi'ladi' da mug`allim sol ha`reketler boyi'nsha bir neshe jay ga`pler du`ziwdi tapsi'radi'. Ga`plerdin` qalayi'nsha du`ziliw kerekligin mug`allimnin` wo`zi bir-yeki mi'sallar menen ko`rsetedi. Mi'sali': Aysi'z tu`n. Tastay tu`nek. Shetirekte anasi'.

Bul mi'sallarg`a qarap woqi'wshi'lardi'n` wo`zleri ga`p du`ze baslaydi'. Mug`allim kartinalar tiykari'nda woqi'wshi'lardi'n` qalay islep ati'rg`anli'g`i'n baqlap baradi'. Geyparalari'na du`zetiw ha`m ken`esler beredi. Solay yetip woqi'wshi'lar da`pterlerine bir neshe ga`pler jazadi'.

B) Soraw-juwap usi'li':

Joqari'da ko`rsetilgen su`wretler boyi'nsha woqi'wshi'lardi'n` qanday ga`pler qurag`ani'n baqlaw ma`nisinde bir neshe sorawlar woqi'wshi'lardan soraladi'. Basqa woqi'wshi'lar ti'n`lap woti'radi'.

Sonday-aq, mug`allim toli’q yemes ga`pler dialoglarda ani’q ko`rinetug`i’ni’n mi’sallar arqali’ tu`sindiredi. Mi’sali’:

- Balan`i’z joq pa?

- Bar.

- Qayda?

- Sarayko`lde.

Usi’layi’nsha soraw-juwap wo`tkerilip boli’ng`annan keyin klasstag`i’ barli’q woqi’wshi’lardi’n` woy-pikiri taxtag`a awdari’ladi’. Taxtada woqi’wshi’lardi’n` so`ylegeni jazi’li’p bari’ladi’.

V) Tu`sindiriw:

Doskada jazi’li’p turg`an ga`plerge qarap, toli’q yemes ga`pler haqqi’nda tu`sinik beriledi. Tilimizdegi toli’q yemes ga`plerdin` ha`r tu`rli formalari’ ushi’rasadi’. Wolardi’n` qanday tu`rleri bolmasi’n ayi’ri’mlari’ kontekstke baylani’sli’ qollani’lsa, al basqa bir tu`rleri so`ylew jag`dayi’na baylani’sli’ boladi’. Sebebi, son`g`i’ tu`rinde kontekst bas roldi atqarmaydi’, al so`ylew jag`dayi’ yamasa situatsiya bas roldi atqaradi’. Toli’q yemes ga`plerdin` bir toparlari’ kontekstke yamasa so`ylew jag`dayi’na baylani’sli’ an`lati’lmaydi’, al uli’wma ga`ptin` mazmuni’na baylani’sli’ an`lati’ladi’.

Bunnan son` toli’q yemes ga`plerdin` irkilis belgilerini qoyi’li’wi’ boyi’nsha du`zilgen tablitsalar taxatag`a ildirilip qoyi’li’p, wolardi’n` belgileri tu`sindiriledi.

G) Shi’ni’g`i’wlar boyi’nsha tu`sindirmeli woqi’w:

Sabaqli’qtag`i’ ko`rsetilgen shi’ni’g`i’wlar u`stinde kommenterli woqi’wdi’ sho`lkemlestiriwge boladi’. Sonli’qtan toli’q yemes ga`plerdin` belgilerinin` qoyi’li’wi’ boyi’nsha qag`i’yda jazi’lg`an betleri ashi’ladi’ da ha`mme woqi’wshi’ sol jazi’lg`an qag`i’yda ha`m mi’sallarg`a kewil awdaradi’. Bir woqi’wshi’ toli’q yemes ga`pke qoyi’li’wi’ni’n` qag`i’ydasi’n woqi’ydi’, yekinshi oqi’wshi’ tek g`ana toli’q yemes ga`pin woqi’ydi’, u`shinshi woqi’wshi’ avtor so`zi menen belgilerdin` qoyi’lg`an wori’nlari’n kitap boyi’nsha ayti’p beredi. Yekinshi qag`i’yda ha`m

mi’sallar ayti’li’p boli’ng`annan keyin kitaplar jabi’li’p qoyi’ladi’ da bir woqi’wshi’dan avtor so`zinin` qaysi’ wori’nda kelgenin, woni’n` keynine qanday belginin` qoyi’lg`ani’ soralsa, yekinshi woqi’wshi’dan tuwra ga`ptin` qaysi’ wori’nda kelip, qanday belgilerge qalayi’nsha ali’ni’p jazi’lg`ani’ soraladi’. Bunnan keyin ja`ne qaytadan kitaplar ashi’li’p da`slepkidey woqi’w dawam yettiriledi.

Toli’q yemes ga`pler ha`m woni’n` irkilis belgileri boyi’nsha geypara so`zler woqi’wshi’lardi’n` so`zlik da`pterlerine jazdi’ri’ladi’.

D) Sabaqli’qtag`i’ shi’ni’g`i’wlar boyi’nsha jumi’s islew:

Woqi’wshi’lar sabaqli’qtag`i’ shi’ni’g`i’wdi’ ashadi’ da, sol shi’ni’g`i’wdag`i’ jazi’lg`an temani’ da`pterine ko`shirip jazadi’. Usi’ shi’ni’g`i’wdag`i’ birinshi, yekinshi ha`m u`shinshi mi’sallardi’n` belgilerin qoyi’wi’ menen woqi’wshi’lar da`pterlerine ko`shirip jazadi’. Woqi’wshi’lar tegis jazi’p bolg`annan keyin bir-yeki woqi’wshi’g`a woqi’ti’p wolardi’n` belgilerinin` duri’s yaki naduri’s jaqlari’n ani’qlaw menen woqi’wshi’lar wortasi’nda talqi’lanadi’. Wonnan keyin u`yde islew ushi’n to`rtinshi, besinshi ha`m alti’nshi’ mi’sallar tapsi’rmag`a beriledi.

E) Juwmaqlaw:

Toli’q yemes ga`pler boyi’nsha islengen jumi’slar shi’ni’g`i’wlar ha`m tu`sinikler waqti’nda geypara tu`siniksizlew jerleri gezlesken bolsa, tek sol boyi’nsha g`ana ta`kirarlanadi’ dep tapsa, bir mi’sal menen yamasa awi’zsha tu`sinik berilse boladi’. Wonnan keyin a`dettegi forma boyi’nsha woqi’wshi’lardi’n` usi’ tema boyi’nsha alg`an bahalari’ juwmaqlani’p yesittiriledi. Kimnin` qalay islegeni haqqi’nda ayti’li’p jaqsi’ islegen woqi’wshi’larg`a xoshemet beriledi. Keleshekte bunnan de jaqsi’ tayarlani’w tapsi’ri’ladi’.

**Dialogta qollani’latug`i’n toli’q yemes ga`plerdi woqi’ti’w**

**Tu`sindirmeli jazi’w:** Buri’n wo`tilgen materiallardi’ woqi’wshi’larg`a ta`kirarlap tu`sindire woti’ri’p, jan`a wo`tiletug`i’n tema menen buri’ng`i’ temani’ aljasti’rmaw ha`m usi’ ha`zirgi wo`tiletug`i’n jan`a temalardi’n` bir-birinin`

ayi’rmashi’li’g`i’ni’n` qanday yekenligin aji’rata biliwge bag`darlang`an boladi’. Bul ushi’n mug`allim ta`repinen mi’sallar woqi’ladi’.

- Keshirersen`, senin` ati’n` kim?

- Aybosi’n.

- Apan` qayda ketti?

- Anaw u`yge.

Bul mi’sallar woqi’wshi’lar ta`repinen taxtag`a jazi’ladi’ da, mug`allim ta`repinen barli’q diktovka yetilgen mi’sallar woqi’wshi’lardi’n` da`pterlerine jazi’ladi’. Jazi’li’p boli’ng`annan keyin mug`allim birinshi ga`pti woqi’ydi’, sol ga`ptin` qanday ga`p yekenin tu`sindiredi. Wonnan keyin yekinshi ga`p woqi’ladi’, birinshi ga`ptin` bayanlawi’shi’ni’n` yekinshi ga`pke qalayi’nsha baylani’sli’li’g`i’ tu`sindiriledi.

**Soraw-juwap metodi’**: Taxtag`a jazi’lmay ha`m so`z yetilmey qalg`an mi’sallar partada woti’rg`an woqi’wshi’lardi’n` wo`z-ara bir-birine gezekpe-gezek sorawlar beriwi ha`m sol sorawlarg`a yekinshi bir partada woti’rg`an woqi’wshi’lardi’n`juwap qaytari’wi’ menen woqi’wshi’lardi’n` da`pterlerine jazi’lg`an mi’sallar u`stinde shi’ni’g`i’w jumi’slari’ wo`tkeriledi.

Birinshi partadag`i’ bir woqi’wshi’:

- Men awi’lg`a ko`shtim.

Yekinshi partadag`i’ woqi’wshi’:

- Yesittim.

- Bul kimnin` ati’?

- Aybergendiki.

- U`yde kim bar?

- Apam.

Bunnan basqada woqi’wshi’lar wo`zleri sorawlar berip, wo`tilgen temani’ bekkemlep wo`tiwi mu`mkin, biraq bulardi’n` barli’g`i’ mug`allimnin` qadag`alawi’nda wo`tkeriledi.

**Tu`sindiriw**: Mug`allim wo`tilgen temalar u`stinde usi'layi'nsha shi'ni'g`i'wlar islep bolg`annan keyin, sol mi'sallar boyi'nsha wo`zinin` aldi'na qoyg`an maqseti jan`a temani' tu`sindiriwge yerisedi. Usi' temag`a baylani'sli' bolg`an tablitsani' taxtag`a ildirip, tu`sindirse de boladi'.

- Neshinshi klassta woqi'ydi'?
- Jetinshi.
- Sa`diw shaqi'ri'p tur yedi?
- Qaysi' Sa`diw?
- Fizvostag`i'.
- Tami'rdi'n` sog`i'wi' qalay?
- To`men.
- Qay jerde turasi'z?
- Go`ne qalada.

Mug`allim jan`a temani' tu`sindirgende klassta woti'rg`an woqi'wshi'lardi'n` soraw-juwaplarg`a qatnasi'p woti'rg`ani'na kewil bo`liw kerek boladi'.

**Su`wret boyi'nsha jumi's islew:** Jan`a tema woqi'wshi'lardi' shi'ni'qti'ri'w ha`m wo`zlerinshe jumi's isletiw ma`nisinde so`z yetilgen temag`a baylani'sli' ga`p qurawdi' wo`z ishine alarli'q taxtag`a su`wretler ildirilip qoyi'ladi' da yen` aldi' menen woqi'wshi'lardi'n` toli'q qatnasi' ha`m ko`megi menen bir-yeki ga`p du`ziledi de qalg`an bir neshe ha`reketli isler boyi'nsha toli'q yemes ga`plerdi qamti'ytug`i'n ga`plerdi woqi'wshi'lar du`zedi, wonnan keyin ta`kirarlani'p sol toli'q yemes ga`plerdin` du`zilisi ha`m quri'li'si' menen ko`rkemlik stil jaqlari' toli'qti'ri'ladi'.

**U`y jumi'si'**: Wo'tilgen temalar boyi'nsha woqi'wshi'lardi'n` u`yde islewi ushi'n geypara wo`zgesheliklerdi wo`zlerinshe tu`siniwi ushi'n tapsi'rmalar beriledi. A`lbette, tapsi'rmani' awi'r yemes, jen`illew, tez islenetug`i'n formada beriledi. U`yde islenetug`i'n jumi'sti'n` qanday qa`lipte boli'wi' kerekligin mug`allim a`wele awi'zsha

tu`sindirse, keyninen taxtag`a mi’sal jazi’p, sol boyi’nsha tu`sinik berip, u`yde islewdin` jollari’n ko`rsetedi. Sabaqli’qtag`i’ ani’qlamani’ woqi’ysi’zlar, sol woqi’g`an ani’qlaman`i’z boyi’nsha ha`r bir paragrafqa bir-birden toli’q yemes ga`pke mi’sal jazasi’zlar.

**Woqi’wshi’lardi’ bahalaw:** Sabaqti’n` bari’si’ da`wirinde mug`allim bir neshe woqi’wshi’dan soraw jumi’slari’n da wo`tkerip baradi’. Sorag`anda bir woqi’wshi’dan tek g`ana bir bo`limdi, ya tapsi’rmani’, ya jan`a tema boyi’nsha yaki wo`z u`stinde islewi yamasa basqa da bo`limlerdin` birewinen sorap, baha qoyi’p sheklenip qalmastan, bir oqi’wshi’dan bir neshe bo`limlerinen sorap uli’wma baha qoyi’wg`a boladi’. Woni’n` ushi’n woqi’wshi’ klass jurnali’nan basqa wo`zinshe jan`adan woqi’wshi’lardi’n` bilimin belgilep, sistemali’ bahalari’n qoyatug`i’n dizim du`zse boladi’.

Toli’q yemes ga`pler qospa ga`ptin` qurami’nda da keledi. Toli’q yemes ga`pler, toli’q yemes ga`plerde ko`binese baslawi’sh, bayanlawi’sh, al geypara jag`dayda yekinshi da`rejeli ag`zalari’ tu`sirilip ayti’ladi’. Buni’ a`lbette, shi’ni’g`i’w jumi’si’n wo`tkeriw arqali’ tu`sindiredi.

**Taxtada jumi’s islew**: Klass taxtasi’ por menen yekige bo`linedi de, taxtag`a yeki woqi’wshi’ shi’g`adi’. Basqa woqi’wshi’lar taxtadag`i’ woqi’wshi’lardi’n` mi’sallardi’ qalay islegenin baqlap woti’radi’. Taxtadag`i’ woqi’wshi’ berilgen ga`plerdin` qanday ga`p yekenin, bas ga`p penen bag`i’ni’n`qi’ ga`ptin` ayi’rmashi’li’g`i’n, bag`i’ni’n`qi’ ga`plerdin` bayanlawi’shlari’ni’n` jasali’wlari’n ha`m belgilerin, qoyi’li’wlari’ni’n` sebeplerin tu`sindirip beredi. Taxtag`a shi’qqan woqi’wshi’lardi’n` tu`sinigi ali’ni’p ali’ni’p bolg`annan keyin, qarap woti’rg`an balalardi’n` pikirleri de ti’n`lanadi’ ha`m mug`allim barli’g`i’n qosi’p juwmaqlaw isleydi, woqi’wshi’lar taxtadag`i’ mi’sallardi’ jazi’p ali’p, taxtada islegendey yetip tallap qoyadi’.

## Woqi'wshi'lardi'n` wo`zlerinshe jumi's islewi

Ta`kirarlaw da`wirinde woqi'wshi'lardi'n` wo`zlerinshe jumi's islewi za`ru`rli islerdin` birinen yesaplanadi'. Bunda birewinin` bilmegenin yekinshinin` ayti'wi' menen yadi'na tu`sedi, sonli'qtan woqi'wshi'lardi'n wo`zlerinshe islewi ushi'n ha`r tu`rli formadag`i' shi'ni'g`i'wlar islenendi. Woqi'wshi'lar u`sh toparg`a bo`linedi. Birinshi topardag`i' woqi'wshi'lardi'n` sabaqli'qlari' ashi'li'p, ha`r bir toli'q yemes ga`pke arnalg`an shi'ng`i'wlari'nan ha`r woqi'wshi'g`a bir ga`pten beriledi de toli'q yemes ga`plerdin` tu`rleri ha`m jasali'wi' boyi'nsha tallaw tapsi'ri'ladi'. Yekinshi topardag`i' woqi'wshi'larg`a yadtan yeki jay ga`p, u`sh qospa ga`p jazi'w tapsi'ri'li'p, jay ga`p penen qospa ga`plerdin` ayi'rmashi'li'qlari'n tu`sindirip beriw tapsi'ri'ladi'. Woqi'wshi'lardi'n` qalay islep ati'rg`ani' mug`allimnin` baqlawi' menen ali'p bari'ladi'.

Woqi'wshi'lar wo`zlerinshe isleytug`i'n jumi'sti' bolg`annan keyin soraladi', alg`an bahalari' ayti'li'w menen mug`allim ta`repinen ta`kirarlanadi' ha`m juwmaqlanadi'. Woqi'wshi'larg`a tapsi'rama berilmey yendigi rette diktant jumi'si' wo`tkeriletug`i'ni' yeskertilip jiberiledi.

## Diktant jumi'si'

**Woqi'wshi'lardi'n` tayarli'g`i'n baqlaw**: Diktant jumi'si'n wo`tkeriwge woqi'wshi'lardi'n` tayarli'g`i'n baqlap ko`riw kerek, wolardi'n` tiyisli da`pterleri barli'g`i'n, da`pterlerine polya si'zi'lg`an-si'zi'lmag`ani'n, si'ya-ruchkalardi'n` diktant jumi'si'n jazi'wg`a i'layi'qli'g`i' ko`zden wo`tkeriledi. Soni'n` menen woqi'wshi'lardi'n` qatnasi' da yesapqa ali'nadi'.

Woqi'wshi'lar jazatug`i'n diktant jumi'slari'ni'n` teksti wo`tilgen temalarg`a baylani'sli' qag`i'ydalardi' wo`z ishine alatug`i'n tekstten ibarat boli'wi' kerek. Tekst woqi'wshi'larg`a ani'q ha`m tu`sinikli yetip dawi's intonatsiyasi' boyi'nsha bir ma`rtebe woqi'p beriledi. Buri'n so`zlikke jazi'lmag`an, woqi'wshi'larg`a ani'q yemes so`zler gezlesse woni' taxtag`a jazi'p qoyami'z. Soni'n` menen bir qatarda geypara irkilis belgileri ga`p ishinde kelse, ayti'lmaytug`i'n mug`allimnin` diktovka yetken

intonatsiyasi’ ha`m wo`zlerinin` bilgen qag`i’ydalari’n yeske ali’p, wo`zleri qoyi’p jaza beretug`i’nli’g`i’ yeskertiledi.

Diktovka boyi’nsha jazba jumi’si’ baslang`anda yen` aldi’ menen teksttegi bir ga`p toli’q dawi’s intonatsiyasi’ boyi’nsha woqi’li’p beriledi. Mug`allim woqi’g`an wag`i’nda woqi’wshi’lar zeyin sali’p ti’n`lap, qay jerge qanday belgi qoyi’w kerekligin ishinen baqlap woti’radi’. Birinshi ga`p woqi’li’p boli’ng`annan keyin ga`ptegi so`zlerdin` baylani’sli’g`i’na qaray tu`sinikli ha`m balalarg`a jag`i’mli’ jumsaqlaw dawi’s penen bo`lip-bo`lip diktovka yetiledi. Birinshi ga`pti jazi’p bog`annan keyin, yekinshi, wonnan son` u`shinshi ja`ne basqalari’ joqari’dag`i’ ayti’li’w boyi’nsha ali’p bari’ladi’. Diktant jumi’si’ni’n` bari’si’nda bir woqi’wshi’ni’n` yekinshi bir jaqqa qarap sorawi’na ruxsat yetilmeydi. Yegerde woqi’wshi’ jazi’w da`wirinde sol keyingi ga`ptegi so`zlerdin` birazi’n jazi’p u`lgere almay qalsa, wog`an sol ga`pti qaytalap diktovka yetiwge boladi’. Al u`sh-to`rt ga`pti jaza almay qalsa, basqalardi’ qarati’p qoyi’p, bir woqi’wshi’g`a diktovka yetip woti’ri’wdi’n` qa`jeti joq.

Tekstti toli’q jazi’p bolg`annan keyin woqi’wshi’lar wo`z jazba jumi’slari’ndag`i’ bir qansha qa`te kemshiliklerdi jo`nlew ma`nisinde ta`kirarlap tekst qaytadan diktovka yetiledi. Bul waqi’tta ha`r bir woqi’wshi’ wo`zlerinin` jazg`an diktanti’na qarap woti’ri’p, kemis-quti’g`i’n du`zeydi.

Tekst ta`kirarlani’p woqi’li’p boli’ng`annan keyin gezektegi woqi’wshi’ni’n` ja`rdemi menen ji’ynap ali’nadi’. Da`pterler ji’ynap ali’ni’p boli’ng`annan keyin woqi’wshi’lar ta`repinen sorawlar berilse, juwap qaytari’ladi’ da, yegerde ayi’ri’m so`zlerdi taxtag`a jazi’p ko`rsetiwin soralsa, woqi’wshi’lardi’n` talabi’ wori’nlanadi’.

Programma ko`lemine baylani’sli’ woqi’wshi’lardi’n` sanasi’nda jan`asha tu`sinikti payda yetetug`i’n sintaksislik bilim toli’q yemes ga`pler bolsa, ja`ne de wolar u`stinde ko`birek shi’ni’g`i’wlar islew, tablitsalar du`ziw za`ru`r boli’p yesaplanadi’.Toli’q yemes ga`pler haqqi’ndag`i’ tu`sinikti beriw yen` aldi’ menen wo`tilgen jay ga`plerdin` tu`rlerin ta`kirarlawdan baslanadi’.

Woqi’wshi’lar jay ga`plerdin` ha`r tu`rli formalari’n bilmese, qospa ga`pler menen ken`eytilgen jay ga`pler arasi’ndag`i’ ayi’rmashi’li’qlardi’ biliwi qi’yi’n boladi’. Sonli’qtan qospa ga`pler haqqi’ndag`i’ ta`kirarlaw tu`sinikti usi’ tema boyi’nsha ali’p barg`an maqul boladi’.

| **Qospa ga`plerdin` quri’li’si’ndag`i’ jay ga`pler** | **Qospa ga`pler** |
|---|---|
| Ku`n ji’li’ndi’. Dalalar go`zzal tu`rge yendi.<br>Sabaq tamam boldi’. Bizler u`yge qaytti’q. | Ku`n ji’li’ndi’, dalalar go`zzal tu`rge yendi.<br>Sabaq tamam boli’p, Bizler u`yge qaytti’q. |

Usi’ tablitsa arqali’ jay ga`pler menen qospa ga`plerdin` arasi’ndag`i’ ayi’rmashi’li’qlardi’, qospa ga`pler menen yeki yamasa bir neshe jay ga`plerdin` bir-biri menen baylani’si’p keliwinen qospa so`zler jasalatug`i’ni’ tu`sindiriledi.

Soni’n` menen bir qatarda qospa ga`plerdin` arasi’ u`tir menen baylani’sa bermey, keyingi waqi’yalari’ qospa ga`plerdin` quri’li’si’ndag`i’ jay ga`plerdin` aralari’ da`nekerler menen de baylani’si’p kele beredi. Bul jag`daylar tablitsada ko`rsetilgen.

Joqari’da ko`rsetkenimizdey toli’q yemes ga`pler mazmuni’na qaray xabar ga`p, soraw ga`p, buyri’q ga`p ha`m u`ndew ma`nili toli’q yemes ga`p boli’p to`rt tu`rge bo`linedi.

Xabar ma`nili toli’q yemes ga`pler monolog ha`m dialog ga`plerde, dramali’q shi’g`armalarda wo`nimli qollani’ladi’. Mi’sallar:

- Sadi’q ag`a jerin`iz qansha?

- Bes tanap.

- Kelmey qalg`an adam boldi’ ma?

- bilmedim.

- Siz be shaqi’rtqan?

- Awa, men.

- Qayda barasi’z?

- Qalag`a.

Buyri’q ma`nili toli’q yemes ga`pler monolog ha`m dialog formasi’ndag`i’ ga`plerde qollani’ladi’. Biraq toli’q yemes ga`plerdin` Bul tu`ri dialoglarda ko`birek qollani’latug`i’ni’n woqi’wshi’larg`a mi’sallar keltiriw, bir-biri menen soraw-juwap wo`tkeriw arqali’ tu`sindiriw mu`mkin.

Yeki woqi’wshi’ni’ worni’nan turg`i’zi’p, bir-birine soraw-juwap beriw arqali’ tu`sindirse, woqi’wshi’ ushi’n Bul ju`da` an`sat boladi’.

- Qa`ne, toqtap tur! – dep Jaydar ji’lawdi’ uslap u`lgerdi.

- Qayaqqa? Barmaysan`. Attan tu`s, ga`pime qulaq sal?! – Jiber! – dep ati’rman.

- Jibermeymen!

So`ylewshinin` haqi’yqatli’qqa bolg`an ha`r tu`rli qatnaslari’n (iseniw, isenbew, shekleniw, mi’sqi’llaw, g`a`zepleniw, ri’yzali’g`i’ bolmaw, qanaatlandi’ri’w, qanaatlanbaw, qi’zg`ani’w, kemsitiw) t.b. bildiredi.

U`ndew ga`plerge ta`n Bul wo`zgeshelikler, wolardi’n` toli’q ha`m toli’q yemes formalari’ni’n` yeki tu`rine de qatnasli’ boli’p keledi.

U`ndew ga`pler ko`terin`ki dawi’s tolqi’ni’ menen ayti’ladi’. U`ndew intonatsiyasi’ u`ndew ga`ptin` bildiriwindegi yen` a`hmiyetli qurallardi’n` biri.

Mi’sali’: - Juwi’r, barayi’q! – degen woraqshi’lardi’n` dawi’si’ yesitildi.

- Ti’ni’shlani’n`! – dep yerkeklerdin` arasi’nda turg`an birew baqi’rdi’.

Toli’q yemes ga`pler de toli’q ga`pler si’yaqli’ yeki bas ag`zali’ ha`m bir bas ag`zali’ quri’li’sta keledi. Toli’q ha`m toli’q yemes ga`plerdegi yeki bas ag`zali’ ha`m bir bas ag`zali’ quram ga`ptin` bas ag`zalari’ni’n` qatnasi’na qaray ani’qlanadi’.

Yeki bas ag`zali’ ga`pler baslawi’shti’n`, bayanlawi’shti’n` yamasa yekinshi da`rejeli ag`zalardi’n` qollani’lmawi’ na`tiyjesinde toli’q yemes ga`ptin` strukturasi’na wo`tedi.

- Qayda barasi’z?

- Jumi’sqa.

- Ne jumi’s?

- Kir juwaman.

Bul keltirilgen mi’sallardag`i’ ko`rsetilgen ga`pler yeki sostavli’ toli’q yemes ga`pler yekeni woqi’wshi’larg`a tu`sindiriledi. Wolarda siz degen baslawi’sh qollani’lmag`an. Woni’n` baslawi’shi’ kontekst arqali’ ma`lim boladi’. Yeger sol ga`plerde baslawi’shti’ qollani’p aytatug`i’n bolsaq, wonda ga`pte ta`kirarlani’w payda yetedi ha`m stillik i’qshamli’li’qqa iye bolmay qaladi’.

Toli’q yemes ga`pler yeki bas ag`zali’ boli’w menen qatar, bir bas ag`zali’ boli’p ta keledi. Yeki bas ag`zali’ ga`plerde baslawi’sh ha`m bayanlawi’sh ayi’ri’m-ayi’ri’m bildiriledi. Wolardi’n` quramlari’ yeki bas ag`zani’n` qatnasi’nan yamasa sol bas ag`zalarg`a qatnasli’ yekinshi da`rejeli ag`zalardi’n` ha`r bir quramdi’ du`ziw worayi’nan turadi’. Buni’ woqi’wshi’larg`a to`mendegidey mi’sallardi’ keltiriw arqali’ tu`sindiriwge boladi’.

Senin` a`ken` de fronta ju`ripti.

- Menin` a`kemde!

- Menin` de!

- Menin` a`kem de uri’sta!

- Menin` de! – dep balalar jabi’rlasti’.

Bul mi’sallardag`i’ asti’ si’zi’lg`an ga`pler bir sostavli’ toli’q yemes ga`pler.

Toli’q yemes ga`plerde pikir bildiriliwi, grammatikali’q wo`zgeshelikleri jag`i’nan toli’q ga`pler menen birdey. Toli’q ga`plerde toli’q ma`ni bildiriwge qatnasli’ bolg`an birde element tu`sirilmey qollani’ladi’.

Toli’q yemes ga`plerde bunday wo`zgeshelik saqlanbaydi’. Wolar qollani’li’w sharayati’na qaray, bir yamasa bir neshe ga`p ag`zalari’ni’n` qatnasi’si’z-aq, toli’q pikir bildire aladi’, tildin` qari’m-qatnasli’q xi’zmetin atqaradi’.

Toli’q ga`pler tekst yamasa abzats baslari’nda, jan`a pikirdin` baslani’wi’nda ken` qollani’ladi’. Wolar, ko`binese ha`r tu`rli bildiriwlerde, qag`i’ydalar, qararlar, ni’zam ha`m pa`rmanlarda toli’q formasi’nda jazi’ladi’.

Toli’q yemes ga`plerde to`mendegi ga`p a`gzalari’ tu`sirilip qaldi’ri’lg`an.

-baslawi’sh qollani’lmag`an toli’q yemes ga`p. Monolog ha`m dialog formalari’nda kelgentoli’q yemes ga`plerde, ko`binese atli’q, almasi’qlardan bolg`an baslawi’shlar tu`sip qali’p, mo`ylewde qollani’lmaytug`i’ni’n mug`allim sheberlik penen tu`sindire ali’wi’ ha`m woqi’wshi’lardi’n` sanasi’na sin`dire ali’wi’ za`ru’r.

Almasi’qlardan bolg`an baslawi’sh toli’q yemes ga`pte qollani’lmay tu`sip qaladi’. Bunday jag`dayda ko`binese betlew almasi’qlari’ arqali’ bildirilgen baslawi’shlar qollani’lmaydi’.

-Siz bull jerge ha`r ku`ni kelesiz be?

-Ara-tura.

-Ne yekpekshisiz?

-Tari’.

Bull keltirilgen mi’sallardag`i’ toli’q yemes ga`plerdin` almasi’qtan bolg`an baslawi’shlari’ tu`sip qalg`an. Wolardi’n` qanday almasi’qlar arqali’ bildiriletug`i’ni’ kontekst arqali’ ma`lim boladi’.

Toli’q yemes ga`plerde bir yamasa bir neshe ag`zalardi’n` tu`sirilip qollani’li’wi’ pikir bildiriwdin` tiykarg`i’ usi’llari’ni’n` biri boli’p yesaplanadi’.

Soni’n` menen toli’q yemes ga`plerdin` bunday tu`rleri yeki tu`rli wo`zgeshelikke iye. Wolardi’n` geyparalari’ aldi’n`g`i’ ga`ptin` ma`nisin ani’qlaw, konkretlestiriwshi xi’zmette kelse, geyparalari’ aldi’n`g`i’ ga`ptegi belgili bir ag`zani’ son`g`i’ ga`pte ta`kirarlamaw ushi’n qi’sqarti’p qollani’ladi’. Aldi’n`g`i’ ga`ptegi so`ylewshi ushi’n belgili bolg`an so`z son`g`i’ ga`p ushi’n za`ru`rli yemes.

## Juwmaqlaw

Uli’wma alg`anda, sintaksislik tallaw wo`tkergende, negizinen, ga`p ha`m oni’n` tu`rleri, wondag`i’ so`z dizbekleri, ga`p ag`zalari’, ani’g`i’raq aytqanda, ga`ptin` ma`nisi ha`m quri’li’si’ boyi’nsha bo`liniwlerin ani’qlaw boyi’nsha ju`rgiziledi.

Jay ga`p ha`m woni’n` tu`rleri boyi’nsha tallaw wo`tkergende, da`slep ga`ptin` bas ag`zalari’, keyin yekinshi da`rejeli ag`zalar ani’qlanadi’, yag`ni’y wonda ga`ptin` baslawi’shi’ ha`m bayanlawi’shi’ ani’qlanadi’ ha`m wolarg`a baylani’sli’ bolg`an yekinshi da`rejeli ga`p ag`zalari’ ani’qlanadi’. Mi’sali’: Bizin` awi’ldi’n` u`sh-to`rt jigiti keshegi jari’sta wozi’p shi’qti’. Bunda jigiti baslawi’sh, wozi’p shi’qti’ bayanlawi’sh, bizin` awi’ldi’n` u`sh-to`rt jigiti keshegi jari’sta so`zleri ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’.

Sintaksislik tallaw ju`rgizgende woqi’wshi’lardi’n` bilim ha`m ko`nlikpeleri yesapqa ali’ni’p bari’ladi’. Yeger de klass woqi’wshi’lari’ ga`p ag`zalari’ni’n` anaw yaki mi’naw tu`rin toli’q wo`zlestirip ali’wda ki’yi’nshi’li’qqa ushi’rasa, wonda bull ga`p ag`zalari’ni’n` wori’n ta`rtibinin`, ga`pte qaysi’ ga`p ag`zalari’ menen baylani’si’p keliwine ko`birek itibar yetiledi ha`m woqi’wshi’lardi’n` di’qqati’n sog`an qaratqan halda tallaw islenedi.

Sintaksislik tallaw ju`rgiziwde di’qqat awdaratug`i’n ju`da` a`hmiyetli wori’nlardi’ yesten shi’g`armaw kerek. Ma`selen, woqi’wshi’lar geypara wori’nlardi’ yesten shi’g`armaw kerek. Ma`selen, woqi’wshi’lar geypara wori’nlarda temirjaba, alti’n saat aq alti’n qusag`an birikpegen qospa so`zlerdi yamasa qas penen ko`zdin` arasi’nda, ti’ni’shi’ ketiw, ko`zi jaslani’w t.b. frazeologiyali’q so`z dizbekleri menen M.Jumanazarov ko`shesi, To`k tawi’ usag`an dizbeklerdi ga`p ag`zalari’na ayi’ri’wda biraz qi’yi’nshi’li’qlarg`a ushi’rawi’ mu`mkin. Sonli’qtan da mug`allim bunday wori’nlarda wolardi’n` bildiretug`i’n ma`nilerin, tiyisli mi’sallar ja`rdeminde tallap tu`sindiriwi lazi’m.

Toli’q yemes ga`plerge baylani’sli’ grammatikali’q tallaw ko`binese awi’zsha formada wo`tkeriledi. Bunday usi’l qospa ga`p boyi’nsha tallaw ju`rgizgende de qollani’ladi’.

Qospa ga`plerge baylani’sli’ sintaksislik tallaw jumi’si’n wo`tkergende da`slep woni’n` qurami’ndag`i’ jay ga`pler, wonnan son` woni’n` baylani’si’w jollari’ ani’qlanadi’. Yeger de tallaw bag`i’ni’n`qi’ qospa ga`p boyi’nsha bolsa, wonda jay ga`pler ha`m wolardi’n` mazmuni’ boyi’nsha baylani’si’w usi’li’, wondag`i’ irkilis belgileri ani’qlanadi’, yegerde dizbekli qospa ga`p bolsa, bas ha`m dizbekli ga`p, woni’n` tu`rleri, dizbekli ga`ptin` bas ga`pke baylani’si’w usi’li’, sorawi’, ga`ptegi worni’ ha`m irkilis belgileri ani’qlanadi’.

Mektep woqi’wshi’lari’na grammatikali’q qubi’li’slardi’ u`yretiwde aralas grammatikali’q tallaw da ju`rgiziledi. Buni’n` wo`zgesheligi sonda, woqi’wshi’lar bunda morfologiya menen sintaksistin` wo`z ara baylani’si’n bilip ali’wg`a mu`mkinshilikler aladi’. Aralas grammatikali’q tallawdi’ ju`rgiziwdi ha`r tu`rli metodikali’q usi’ldi’ da wo`tkere beriw mu`mkin. Ma`selen, klass woqi’wshi’lari’n yeki toparg`a bo`lip, wolardi’n` barli’g`i’na uli’wma bolg`an bir ga`p beriledi de, woqi’wshi’lardi’n` yari’mi’ ga`pke morfologiyali’q tallaw isleydi de, yekinshi topardag`i’ woqi’wshi’lar sintaksislik tallaw ju`rgizedi. Bunday tallaw klassta mug`allimnin` basshi’li’g`i’nda ju`rgiziledi, tekseriledi ha`m juwmaqlasti’ri’ladi’.

Tallawdi’n` qaysi’ tu`ri bolmasi’n wondag`i’ mi’sal, ali’ng`an materiallardi’n` mazmuni’ menen xarakterleri wo`tilgen temag`a muwapi’q tan`lani’wi’ ha`m woni’n` woqi’wshi’ni’n` bilim da`rejesi menen jasi’na sa`ykes keliwi kerek.

Grammatikali’q tallawg`a arnalg`an tekstler jumi’si’ qaraqalpaq tili sabaqli’g`i’nda berilgen materiallardan ali’na bermesten, al mug`allimnin` tan`lawi’ arqali’ da, woqi’wshi’lar ushi’n arnalg`an a`debiyat pa`ni sabaqli’qlari’ menen xrestomatiyalarda berilgen tekstlerden de, sonday-aq woqi’wshi’lardi’n` wo`zlerine mi’sallar tapsi’ri’w na`tiyjesinde tan`lani’li’p mi’sallardan da ali’na beriwi kerek. A`sirese, grammatikali’q tallaw ushi’n woqi’wshi’lardi’n` wo`zlerine mi’sal tapsi’ri’w,

wolardi’n` wo`z betinshe islew uqi’pli’li’g`i’n qa`liplestiredi, til bayli’g`i’n rawajlandi’radi’.

## Paydalani’lg`an a`debiyatlar


1. Karimov I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q» - Tashknt: Sharq, 1998

2. Karimov I.A. «Joqari ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh» - Tashkent: Manaviyat, 2008.

3. Karimov I.A. «O’zbekiston buyuk kelajak sari» - Tashkent: O’zbekiston, 1998.

4. Balakaev M, Qordabaev T. Ha`zirgi qazaq tili. Almati’, 1966.

5. Boboeva A. Hozirgi uzbek adabiy tilida tuliksiz gaplar. Tashkent, 1978.

6. Bo’ronov M. O’zbek tili wqitish metodikasining ba`zi masalalari. Nukus, Bilim, 1998.

7. Da`wenov E, Da`wletov M. Qaraqalpaq tili. No`kis, 1993.

8. Гмевко В.Т., Кравченко З.Ф., Хмелевская Е.С. Современный русский язык. Минск. Высшая школа.

9. Gulomov A, Asqarova M. Hozirgi o’zbek adabiy tili. Sintaksis. Tashkent, 1987.

10. Грамматика русского языка. Синтаксис. Р.2. М., 1960.

11. Грамматика карачаево-балкарского языка. Фонетика, морфология, синтаксис. Начальник, 1976.

12. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikasi’. Sintaksis. No`kis, 1992.

13. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis (sabaqli’q) No`kis, 1996.

14. Qazaq tilinin` grammatikasi’. II. Sintaksis. Almati’, 1967.

15. Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’n oqi’ti’w. No`kis, 1992.

16. Qaraqalpaq xalqi’ni’n` mektep ha`m pedagogikali’q oylari’ tariyxi’. Ilimiy maqalalar toplami’. No`kis, 1990.

17. Qutli’muratov B. Qaraqalpaq tilin oqi’ti’wdi’n` ayi’ri’m ma`seleleri. No`kis, Bilim, 1992.

18. Nasrullaev A`., Qojanazarov Q. Qaraqalpaq tili sabag`i’n ko`rsetpeli oqi’ti’w ma`seleleri.

19. O`zbek tili grammatikasi’. I’I’. Sintaksis. Tashkent, 1976.

20. Pirniyazova A.Q. Qaraqalpaq tilin pedagogikali’q texnologiya tiykari’nda oqi’ti’w. No`kis, 2008.

21. Современный русский язык. II. Издательство Московского университета. М., 1964.

22. Современный татарский литературный язык. Синтаксис. Москва, 1971.

# Mazmuni':

**Jumi'sti'n` uli'wma si'patlamasi'……………………………………………4**

**Kirisiw……………………………………………………………………….6**

**I BAP. Qaraqalpaq tilindegi toli'q yemes ga`pler……………………………..11**

A) Toli'q yemes ga`plerdin` qollani'li'w wo`zgesheligine qaray tu`rleri………...11

1. Monologta qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`pler………………..……………11

2. Dialogta qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`pler………………………………..17

3. Qospa ga`plerde qollani'latug`i'n toli'q yemes ga`pler……………………..…21

B) Toli'q yemes ga`plerdin` qurami'na qaray tu`rleri…………………………….24

1. Xabar ma`nili toli'q yemes ga`pler…………………………………………..…24

2. Soraw ma`nili toli'q yemes ga`pler…………………………………………….25

3. Buyri'q ma`nili toli'q yemes ga`pler…………………………………………...27

4. U`ndew ma`nili toli'q yemes ga`pler…………………………………………..29

**II BAP. Toli'q yemes ga`plerdi woqi'ti'w…………………………………...42**

**Juwmaq……………………………………………………………………..54**

**Paydalani'lg`an a`debiyatlar………………………………………………57**